Karmadula iku, Samadulla sampun tampa. · •. 15. Cinarita sampun lami, antara antuk sawarsa, kapt1ndhut jiniate kabe, raden amit ayun kesa, ayun ngilari pandhita, miyanga den wekel kacung, denira tanpa raga. 16. Raden w_us kesa aglis, mesisir ing lampahlra, mengalor wau parane, anusup angayam alas, ngilari gunung Amparan, raden ningali kayu, kang aran kayu. kiyara. 8 4. MEGATRUH Aningali ana ngitang kiyara agung, epange ke~~k in.g?aksik selaneng kayu, sabari pang' pang den encok1, f ebek sese . uyJL1u,,5bango. . . ik. · · ti yen 1sun 2 Sama dulla kendel nggenira dulu, P 1r Jromng. ~ , • . . • ny~ranga ilrn, tan wande bubar. kang paksi~ en~e~ p~sakane mang- . kO, . ·· , . 3. Peparinge Sang Naga sam~~Il ~~SU~, .in~~ng .~rag ~-op~e~ Waring, kasiyate tan kadulu, 'kelingan mg Kopya W~g, eJm tan. datantumon. . ; ·· 4. Dyan tumingal\ ana deling 5:1gelugu, rade~ _e~ggal mareki~ kang deling pinotong sampun, sin1gar wus den s1sik1, karsane an dam.el wadhorig. . ~ 5. Sampun priyat wadho~ge .Pinasan~ dh~wur,jn.~ ~pan~a~~ waringin, raden pan eca·anJenguk, linggi sasore warmgm, a g . · paksi·bango. . . 6 Sam. i. liwun. g. pak. si .. b. an .. go .p· adha mab·. ur, . mayun_gi l~';'an su-1 · · • · . · · · · · · gustmek1 · engga wiwi, tumpang elar adu cucuk, angirmg mmg · ' mencok ning kakayon. . . . . . . r ····•Bango katha pisa datan purun campur, p~sa !an gustm~k1, ... ·u dedeoipun lar wills kadi ·winangs1, lir samberlilen ageng mgg er , ·· mancorong. . . Paksi bango ningali wadhong·pun.~u, \VO~ten_ ~lame s~t~ngg~; paksi . bango sami · li'wuhg, ngilan' lawangrrek1, . ruwet JeJepe kang wadhong. · . 9 Prabu Bango 11ingali ing rencangipun, enggal sir~. amaram, paksi katha sami mundur, piyak datan wani gusti, tummgal sang prabu Bango. · · .. . . . 10. Wonten ulam-sajroning wadhong puniku, prabu Bango ma9·.·. reki, wus pinanggi lawangipun, Sangyang Bango sigra manjing, anang sajronmg ·wadhong. 11. Wus cinucuk ulame pan ilang sampun, Sangyang Bango karsa mijil, kelubukan tan bisa metu, sangyang Bango ngandika ris, endi sira lawang wadhong. 12. Bisa manjing · isun .nora bisa me'tu, sing endi Jawange iki, raden pan enggal 'burn, e ladala sira kenging, bagjane amindhang bango. 13. Wus binuka lawange wadhong

puniku, pinundhut wus den talerii; cinangcang wonten ing kayu, kersane ayun pinocit, wus den unus ingkang golok. , •",, , 14: Sangyang _,Bango -aris ing pamuwusipun, raden '•sa,mpun den pejahi, sun tebus lan"dunya agung·, raden putra ngandika ris, apa tern.en sira bango. 1 s: Sun uripi yen nurut panjalukisun, Prabu Bango matur inggi, sigra inguculan sampun, prabu . Bango ngandika ris, raden tut burinen ingong. 16. Sigra kesa Sangyang Bango nulya matur, muluk ing gegana wiyati, raden nuruti laku, nitihi wayanganeki, Sangyang Bango · sigra mcncok. 17. Ujarira· · negarane luwi agung, · dening mampir ing wraksi, Sarigyang Bango ngandika rum, ngantiya andika gusti, bok kasasar ing _gogomboL - 18. t Gelising kandha carita wau, ing gunung Cangak prapti, ing guwa sampun malebu, katingal pethan negari, ilang sipate kang ban~o. 19. '. K.atingaian wujude manusa bagus, katha mantri Ian bopati, sineba ing dalem agung, rare cebol rare alit, busekan jero kedha-- ton. 20. : Raden putra sumangga katuran lunggu, ing papan kathil widuri, raden ature kasuhun, mung isun anjaluk gelis, aja suwe sira l>ango. 10 2L Ujarira arep nebus maring isun, lawan jimat pendhiLw~~!,+ . \ endi .panjang Barong iku, yen suwe isun enteni, ngandika Sang· ' Prabu Bango. 22.. l)en santosa sampun welang ing jro kalbu, katur saisining purl, nadyan kawulap pan katur, wus katur kang pendhll wesi, panjang Barong wus dicokot. · 23. Wus tinampa tetiga jimate sampun, miwa ingkang pendhil wesi, kasiyate Barong iku, amedal bala sakethi, mangan sapen- ·cthil tanentong. 24. Kasiyate · yen tinartgkeb panjang iku, medal sekul kabuli, gegorengart _Ian timun, serurideng lawan tutumis, wus pepek kang · sambel godhog. / 25. La wan kula sung aran Raden Kuncung, W ~langsungsang nampani, ami kawula ayun wangsul, inggi dipun'rtgati-ati, kantuna Sang Nata Bango. 26. Sampun medal raden putra sing jro gunung, wus katingal ·Gunungjati, rahaden angungsi sampun, wus prapta ing Gunungjati, sang belabak sampun katon. 'S. BALABAK r. Sampun I mungga ing pucuking Gunungjati, telatahe, wera jembar tur asingit, katone, wus katingal pandhita kang tapa tali, wastane. 2. Winastanan pandhita Sek Datuk Kapi, asale, saking Mekka turun anak ·putu nabi, buyute, iya iku jujuluk Jenal Ngabidin, .

dhingine. 3; Andon tapa sing Mel-.ka ing tana Jawi, genahe, ing Gunungjati kang singit, umure, kaliatus umure duk tapa ta lali, ujare. 4. Wus uninga Sek Nurjati Bayan Sidik, ming tamune, yen iku carateng wali, dedalane, sing wong iku kang ambUka tana Jawi, bakale. - 1l 5. Sampun prapta raden putra asung bekti, ming sukune, angandika ~ek 'Datuk , Kapi, sa1fa wonge, wani-wani marani wong ·tapa lali, gawene. · 6. Matur nemba , raden putra ming Ki Sek Jati, asale, Pejajaran Siliwangi, ya , putrane,'. angilari agamane Kanjeng Nabi, elmune·: 7. , Ang1lari impen' k~la duk lali, tinemune, kalawan Ki Sek Jati, wastane, saking Mekka tetapa ing·Gunungjati, bejane. 8. ,Ken, ,~gilari kawula ~gama _ Nabi, fufiitJ; kon guguru ming Ki Sek Jati, ujare; ing-'wirayat kawula duk la~ guling, waun~. 9. Kang tetapa sainggile Gt,mungjati, bejane, ing pun di_ genahe kaki, gununge, angling m~sefu ', pandhita Sek.Datuk Kapi, gawene. -~ ;; : :. ' .: 10. Milani pun kaula ngungsi mariki, karepe, ayun guguru agami,,. barkahe, wonten pundi pemahe y~ Gunungjati, telatahe. 1 L Angandika _ Sek Jati Bayan .Sidi)c, ya ing kene, ya isun Sek Datuk Kapi, arane, begja temen sira keteniu Ian :mami, awake. 12. Ya -tampanana .sun wuruk sira kaki, elmune, lapale kalima kali, ,sebute, la illaha ilallahu, Yang pujine., · ' 13. Sampun tampa wuruke SekDatuk Kapi, elmune, sadaya sampun kaharti, tuduhe, angandika Sek Jati .sira ariri, becike. 14. Padha gawe dhudhuku _kebon pasisir, desane, mimitana sira kaki, umahe, sigra kesa tumurun sing Gunungjati, tekane. 15. Adhudhuku ingkang dadi desa dhingin, a:rane, Panjunan Ke, hon Pasisu; ,Pasantre11e, - Welangsungsang s~a babada weraksi, totore. ·• I 6. _Welangsungsang . anemba, nulya pamit, idine, punapa prenta kiyai, timbalane, lawan ska sun a.J,"ani Cakrabumi, juJuluke. 6. MENGGAI.ANG 1. Asung semba Wefarigsungsang nulya amit, kars'ane ' sang' ka~ tong, ·iya:' wis:·miyli_nga 'totor, 'pangeran kesa tumul:, mg'"wana wus prapti, damel pondhok sampun. 12 . 2. Sampun . priyat pondhoke wis dadi, ing Kan,olll.an kebon,, 'king kinarya pakuwone, putri sakali wus.mijii, .nyai lndhang.40-.. , lis; Rarasantang sujud.· · · ·- 3 . . Sampun dadi pondhok uma siji, wadone roro, Iµdhang Go- : lis iku garwane, Rarasantang ingkang rayi, garwan~ lulut asi, lndhang Golis sujud. · 4. Gelise

kandha carita kinav,i, Welangsungsang totpr, wus den unus -wau goloke, riulya totor,; goloke pribadi, kang golok nun \(amit, kang duv,e .enak turu, ·· "5. Cinarita gelise ingkang; kinawi, goloke atotor,r' kayti:" reba · golok m·etu genine, kayu kapangan irig geni, entor.gj d~tan' k:ari, · padhang kadi laut. 6. Pirang cengkal wana kang dibasini, karig ditotor .golok, sewu cengkal pasagine, ujare kandhahing wali, ·sigra gawe biting, rajege ing dhusun. · · · · ·- 7. lngkang babad sa:mpun den wastani, Kuwu Sangkan Kebon; panggotane roaring ·bae, siyang:ctalu tan.pa guling, yeri mein.e terasi, mungga gunung Cangak wau. 8. Saban dina tiyang alit prnpti, numnaken rebon, _ samidamel pondhok sakabe, sampe kitririe dadi, saya lami-larrii; gemu kartg tinandur. -- 9. Sampe sesek tiy~ng alit prapti, padlia damel kebon, terus teka•,pasisire, wong cilik kang damel kitri, kang babad den wastarii, dtsebut Ki Kuwu. 10. S~mbungliwurig jujuluk:11eki, Kuvm Sangkan)'(_ebon, Pali, mahari gegedhene, saban wulan pajeg terasi, samana ;di.ik dhingin, ngawula ming Raja Galu, · 11_. Wusing . gemu dhusun sampuri dadi, kuwune· ngali enggon, tur den sambi tetapa lakuiie, panggotane ilok maring, yen meme terasi, ming guriurig Cangak wau., 12. Aneng Girang yen meme terasi;_ ing Kanoman _ lumpange, saking laut nyurung lumpang," binakta mingga ming ·ukir, sineret tangan siji, waringe pinanggul. 13. Antarane wis lawas ing ukir, ayun balik pondhok, .wus pinanggi Ian garwarte, ing Kanoman pondhokneki, gurune wis prapti, uluk salam sampun. 7. SINO M I . . Sek Datuk Kapi ngandika, .santrinisun Cakrabumi, sun' tudu sira miyanga, lungaa Betulla kaki, mimitana .mungga k~ji, lawan, adhinira iku, ana dening rabinira, tinggalen aneng negan, Welangsungsang sumangga karsaneng tuwan. ..,,,., 2. Lan isun kirim tekenan, wekena Sek Bayan ·,kaki, Ian sira mondhoka ngkana, poma-poma Cakrabumi, pangeran wus asung bakti, sumangga karsaning hulun, Sek Datuk Kapi Wus kesa, ngungsi guwa dalem wingit, sampun lepas karsane wangun tapa. 3. Kang kari Cakrabuwana, katiga garwanireki, pangeran aris ngandika, garwanisun lndhang Gotts, kantuna andika gusti, kaula nurut ing guru, kaji kesa Betulla, lawan adhinira yayi, inggi kakang nanging aja lawas-lawas. · 4. Kang rayi Nyi Rarasantang, kang

binakta mungga kaji, gelise ingkang carita, sampun numpak prau konthing, wis babar layarneki, lir kadi prau mancung, sampun lepas lampahira, prau kagiring angin, sampun prapta mentas pasisir Julda. 5. Lantas angungsi negara, ing Mekka sampun prapti, gelise ingkang carita, Sek Bayan pun pinanggi, kang surat wus den tampani, ungele kadhadhang kalbu, titip boca Jawa, iku wuruka agami, Ki Sek Bayan kaget wau wayahira. 6. He Jawa isun tetanya, ing pundi Sek Datuk Kapi, pangeran matur wecana, inggi wonten tana Jawi, Sek Bayan ngandika ris, ya iku kang sun ruru, benjang lamon tuwan pulang, amba tumut maring Jawi, raden putra um~turiinggi sumangga. 7. Sek Bayan muruk agama, Cakrabuwana nampani, wis tamat pangajinira, ngungkuli kiyaineki, cinarita sampun lami, antara 14 oJi sataun, wonten sempaling kandha, carita ing tana Mesir, duk katilar kang garwa mati konduran. > 8. Tingtrim tan kena sineba, sang nata ing Banisrail, duk kala kepaten garwa, wong kaum katha angaji, kumpul sakeng ketib modin, yen dalu dhikir gumuru, antarane sampun lambat, wus telas sidhekaneki, angandika sang nata Raja Uttara. 9. He pati sun utus sira, ulatana ing pawestri, kang timbang Ian garwaningwang, ules rupa lawan ciri, kyan pati atur sumangga, yen tutas timbalan pamit, la den kebat pati Ajar sigra kesa. *) 10. fati Ajar sampun lepas, anjaja amilang kori, ngulati pawestri mulya, kang timbang Ian gustineki, ratu ing negari Mesir, wau garwane sang prabu, kobek nagari sabrang, Mesir Sam lawan Turki, dugi-Ngerum Ace Bustam tan ana. , , 11. Balik angungsi ing Mekka, ambeneri sasi haji, angadhang sira ing marga, mantuke wong mentas kaji, jaler kali pawestri, ki pati sira andulu, ana wanodya satunggal, kali jalere satunggil, rereyongan lumaku iring-iringan. 12. Ki pati nyegat ing ngarsa, wong ngendi ta sira iki, matur kula wong Jawa, pawestri puniki adhi, Ki Sek Bayan pondhokneki, kyan pati tetela wau, kyan pati tut burl sirang, wus prapta ing pondhokneki, sesalaman wong tetiga linggi jajar. 13. Sek Bayan aris ngandika, bagea kyai pati, ki pati ature nedha, arsa punapa ki pati, ki pati arga mangsuli, kawula kinengken sang prabu, sang nata raja Uttara, punika garwane mati, ken ngilari wanodya kang saimbang. 14. Dopi samangke punika, ing ngrik.i wohten pawestri, punika

punapa tuwan, Sek Bayan sumaur inggi, sema kula ~ekali, saking Jawa asalipun, sakali ngaji Betulla, jujuluke Cakrabumi, ingkang · istri jujuluk Nyi Rarasantang. 15. · Yen sembada kali tuwan, sumangga kula aturi, sakatiga sema tuwan, katuran ing negari Mesir, Sek Bayan sumangga kering, sema sekali wis anut, e Jawa sira katuran, maring raja Banisrail, Welangsungsang sumangga karsaneng tuwan. *) tidak lengkap. 15 16. Gelise ingkang catjta, wong tetiga sami kering, .wus lepa.s ing lamPahira., wus prapta Banisrail, sakatiga m.anjing puri, wus prthuk kali sang prabu, Raja Uttara tuminggal, mudhun sing palinggihan kuning, wus salaman wong titiga linggi jajar. 17. Kang istri li~ggi ing ~par, merang semune sang de~i, Raja Uttara ngandika, kapriyen sun ufus pati, ki ,. pati umatur riri, .an-: tuk dukane sang prabu, angsal putri saking Jawa, ingkang wau mungga kaji, sakatiga katur sakarsaneng raja .. · 18. Semahe Sek Bayanulla, hlgka~g wau nwngga kaji, jalu kalawan wanodya, jujuluke Cakrabumi,' Ra.iasantang ingkang istri, . katur sakarsaneng prabu, Raja Uttara ngahdika; Sek Bayan,matur inggi, sema aniba wau saking taria"Jawa. ··· 19. Raja Uttara ngandika, Sek Bayan sun pundhut putri, sema andika wanodya, sun pundhut sun. gawe ra.bi, Sek Bayan matur riri, .. sumangga kataros . huhm, punika ingk:ailg sudarma, ingkang pantes gadha waris, · sampuri tuwarf ariaros dh'ateilg kaula. 20.., Raja Uttara wecana, he ia~~ adhimuiki, sunjaluk sukani- .ra, adhiJnu sun gawe rabi, Welangsungsang matur riri, katur sakarsane hulun, sampun mall ·kadang · kula, sanadyan kula suwawi, tan lenggana katur sakarsarie tu wan. · 21. Gelise kandha carita, sang nata raja Mesir, ngumpulaken para ulama, miwa kang para sayid, pangulu Ian ketib modin, sang nata aningka sampun, waline WllS den upahari, sorbari tilaraneng nabi; _tur den ecap paose sewidak dhepa. 22. Sawidak pinotong dhuwa, kang ombyok b,µiatang J awi, tur .ana tekenaneng surat, tekenane para. nabi, kanjeng sinuhun katulis, ing sorban kang ombyok iku, he kakarig tampanen sorban, arsa kula upa wall, lawan dika sun arani Sek Datuk Iman. 23. Cakrabuwana atampa, inggf katarima yayi, . apmng titip garwa tuwan, kawula amit ayun balik, inggi kakang ngati-ati, Rara-:- santa:ng nemba sampun, den bisa titip · awak; yayi

sira inaring laki, wis karia' si kakang ayuri kesa. 24 . . Sek Dul Iman wus_kesa, Ki Sek B~xai¼_.slatan .?an~'. k9capa :, .} '-- ·- .. ·" ·' ~ II,.; . • ' . ,,, ' • ,.'. ,,. 16 .. Nyi. Rarasantang, aniba · gumuling sHi, katilar nin;g •~~den usung parine baresi, saejung oli sakranjang. 10;, Kawuwusan sempaleng kawi, kang kocapa ing Mesirmegara, sang putri:babacbayine, medal jalu putranipun, sakembaran sami pekik, bagus cayane gumiwang, lir wulan amancur, .sakali wus winastanan, ingkang .sepa Sarip. Hidayatullahi,. ingkang anom wastanira. 11. J ujuluke · Sek Sarip Ngaripin, sampun umur kawan we las war sa, . wis sedheng baleg wayahe, pintyr Kitab Kuran iku, sakali wis padhang ngilmi, taklim • ming agama, suh4d maring Yang Agung, sineba para· kawula, sakeng umat kawula bala ing Mesir, rame wong sembayang Jµmua. 12. Gelise sang kandha carita kinawi, suruping arka Sarip buka_ 22 lesnar, sakeng kitab parimbone, winiyakan kitabipun, un.gel~]fa.-dhadha ngati, sakehe patarekan, elmune Jeng Nabi Rasul, \vis man:- jing ing jro mana, aningali kang surat den tingken buni, tur surat panaer emas. 12. S I N O M 1. Ujare surat tingkeman, lamon sira arep luw~, gegur~a _ing Mukammad, ulatana kang sejati, pasti sira dadi wah, yen w1s tlflemu Ian Rasul, Sek Sarip enget ing mana, satenga tan ngandel tulis, nulya sare Sarip Hidayat nendra. · 2. Sarip Hidayat anendra, netrane merem-merem pitik, katingai gebyare caya, arum suwa.rane · manis, e Sarip Hidayat iki, rungunen satutur isun, lamori sira arep mulya, nimbangi keramat Nabi, ulatana sira guguru Mukammad. 3. Gurenjal wungu anendra, cayane katon dumeling, Sarip Hi- ·,layat karuna; amireng suwara manis, katuwon tan darbe ra~i, tan ana kang muruk elmu, Sarip Hidayat tumedhak, medhek mg ibunireki, atur semba kang ibu angucap sira. 4. Keneng apa sira karuna, apa karig sira karepi, apa sira arep krama, miliya putri ing Mesir, endi kang . sira pili, mundhuta anakeng ratu, pon sira anakeng raja, tinalukan para bopati, amangsuli· Sarip Hidayatanemba. · 5. Tan .• ayun kaula krama, tan aremer dhateng pa.westri, kaula angsal wirayat, duk kaula turu lali, ngimpi _ken n~ari nabi,. ke~ guguru Nabi Rasul, makaten ujareng swara, 1bu am1t ayun ngilan, Ratu .Satang angrangkul sarwi karuna. 6 . . Adhu nyawa

putraningwang, kumangkara sira . Sarip, wong mati den ulatana, enteka bumi langit, mangsa sira . pinanggi, lawan Kanjeng Nabi · Rasul, balik dadia nalendra, sapa kang duwe nagari, amangsuli Sarip Hidayat anemba. 7. Si adhi ken dadi raj a, jumenenga raja Mesir, kaula angungsi 23 ing Jawa, iyasane ibu dhingin, kang ibu kendel ing ati, ngucap jroning kalbu, iya bener anakingwang, wis warise tiyang . kali, Sarippula wis amit ing ibunira. . . 8. Sigra Sarip kesa lepas, angungsi kramateng nabi, wau tapakane Nabi Musa, sepi datan oli wangsit, nuli ngali Nabi Brahim, sepi datan oli tutur, lepas angungsi ing Mekka, tirakat tapakan nabi, suwung mall datan oli wirayat. 9. Null sira salat kajat, rong rakangat salam mall, sabadane maca donga, amuji maring Yang Widdi, tur selawat maring nabi, pasra tobat ming Yang Agung, toll angningu suwara; '4metuk ing karna-:- neki, lam on sira arep dadi waliyulla. · I 0. Ulatana den pinanggya, jenenge Mukammad jati, ya iku nabi utusan, Mukammad ingkang sinelir, naming Mukammad jati, ingkang wis ngaraga rasul, Sarip Hidayat karuna, amireng · suwara maning, nulya kesa Sarip Hidayat anglantar. 11. Anusup angayan alas, anjaja· amilang 'kori, tutug lebakeng warak, angilari Kanjeng Nabi, ngilari saban negari, mungga tumurun ing gunung, Sarip Hidayat wis lepas, _angungsi gunung Tambini, ana ula agenge timbang Ian arga. 12. Arane Naga Pratala; kenang dhengdhan~ Yang Widdi, sakite abu sabadan, tan kena owa gingsir, sarira tan kenamosik, abuhe timbang Ian gum.ing. Naga Pratala tumingal, ana satria lumaris, he mampira satria ingsun tetanya. · · 13. Nulya mampir Saripulla, tapsaka tetaken liri, satria sing pundi tuwan, punapa kang den ulari, Sarip Hidayat mangsuli, isun ngilari Jeng Rasul, kapiasem tuwan Sarip, endi ana wong mati.den ilarana. 14. Pan Mukammad sampun peja, ing Madina.kramatneki, b_alik tuwan warasena ingwang,~_ maring sakit kula gusti, benjing kaula ngabdi, yen waras sakit pukulun, Sarip Hidayat wecana, yen lamon isun pinanggi, pasthi waras pull kadidu ing kuna. . .. 15. lki tuwan tainpanana, kang ana ing bun tut mami, anang pusakaneng dewa, • katitipan all-ali, kaula darma ngrawati, _ w'asta24 ne all-all Marembut; ingkang tunggul malekat; kasiyate luwi sakti, bumi langit sap pitu katon

sedaya. 16. Sigra Sarip tampa engg;il, wus rinastik ali-ali, gumebyar'Icaion sedaya, saisine bumi langit, katranganing ali-ali, weru pasthi,jang- - jinipun, Naga Pertala ngucap; ngungsiya pulo ,tdaj~thi, ana sek tetapa pulo Madarda. · · · · 17. Karia Naga Pretala, ujar isun lakoni, maca bismillah ing lampa, wus prapta anang pasisir, angamba inggiling wari, pangawasa- - ne ali-ali Marembut, gagancangan ngamba , toya, ing pulo pan sampun prapti, sigra mentas ing pulo Madarda. ___ · 18. Pulo kebek dehing . kewan, sagunge sato kang , mandi, kebek sesek sato galak, anjaga kathil'widuri, rinaksa - siyang Ian iatri,. ejin setan sami tugur, angraksa mayid Sulaeman, qhingine kagawa ngangin, datan purun pinel}dhem dhateng pertala. 19. Sarip Hiday at tumingal, ing kayu cemara inggil, ing epang ana satria, enggal Sarip _ anguluki, ing uluke .. , salam aris,-tuwan Sek enggal tumurun, .sakali wus sesalaman, punapa sinedya Sarip, angilari kaula guru Mukammad. 20.. Kapiasem dika tuwan, wong mati dika, gulati, apa kurang alam dun ya, elmu pirang-pirang _kaki, gampang _ ngilari nabi, tinga-:- lana ingkang murub, milane kula tetapa, angara kayu widuri, Ian sing sapa duwe ali-ali cingcin mulikat. z 1. Dadi ratu Jinalukkan, ._ saisining bumi langit,, keringan dening p'ara . ._ umat, yen wis duwe ali-ali, kang duwe iku wis mahim, Suleman nabi karuhun, Sarip Hidayat ngandika, sumangga kapundhut kaki, Sek .Nataulla sakali kekanthen asta. 13. KIN ANT HI I. Uluk salam k;ilihipun,. mayid Sulaemail nauri, kaprabon lir penda gesang, anganggo makutha wening, katingalan pan gumebyar, Sarip Hidayat nyungkemi. · 25 2. Kaya mesem semunipun, Sarip Hidayat nyungkemi, kaya arep ngulungena, supayane ya wis mati, enggal lelepen ingalap, wus den panjingaken ing jenthik. 3. Sek Nataulla arebut, lelepen wus manjing kulit, rame godogiinodogan, nuli ana gelap muni, medal sing cangkem Suleman, sakali kagawa ngangin. 4. Sek Nataulla wis kabur, tibane · ing tana Jawi, · wondening Sarip Hidayat, tiba ing gunung Surandhilj sigegen sakalihira, kocapa kang ning negari. 5. Langkung derting wayang-wuyung, katilar ing puttaneki, tan pegat mujiPangeran, cengenge roaring Yang Widdi, muga.,,asunga barka, sapari.gat andika nabi.. ·, ,, 6. Wis oli sapulu taun; nggonira tinilar Siwi, tan pegat muji Pangeran, lali

dhahar lawan guling, nuli angrungu suwara, ametuki karnaneki. 7. Wondening anakira iku, ' waruju kang dadi aji, Banisrail kratonira, · nama Sultan Dul Sapingi, mung kang dadi Iara brangta, amung putranipun Sarip. 8. Suwara . pindho ping telu, ametuki karnaneki, ratu aja Iara brangta, lamon eman roaring siwi, balik angungsiyang Jawa, lamon arep ya pinanggi. 9. Ujare suwara arum, nini aja Iara nangis, balik angungsiyang Jawa, ing patapan Gunungjati, ing kono benjang pinanggya, lawan putranira Sarip. 10. Samono suwaranipun, sang putri erriut ing gali, gurune sampun katawang, nulya atilar negari, sakedhap nuiya prapta, ing patapan Gunungjati. 11. Sek Jati sampun kapethuk, pinanggi ing Gunungjati, sakali pan sami prapta, ya iku kang sung warti, sang rara mendhek anemba, Sek J ati kaget ning ati. 12. Bage_a Mas Nini Ratu, kenang apa tinggal nagari, matur ratu Rarasantang, tan beta tininggal siwi, · iya wis teka menenga, ngantiya sira ning ngriki. 26 13. Sun ali aranira iku, aranira jku nini, Babucampul, ,w3l"ili:a, Rarasantang asung bakti, tetepa sira ing patapan, den aw~tning Sukmajati. · 14. Sek Nurjati sampun mamut, kocapa kang tibang ukir, Sarip Hidayat tumingal, aningali ana kendhi, pretula kang isi toya, ~e rabat toya suwargi. 15. Ganda rasa warna sewu, ambune toya suwargi, wastane toya serabad, Sarip Hidayat mar~ki, pratula . nguluki salam, Sarip Hidayat mangsuli. I 6. Pr~tula ngunjuki atur, katur bagea tuwan Sarip, katarima kendhi pretula, pan awe marmaning mami, ngilari punapa Tuwan, isun ngilari Kanjeng Nabi. 17. Sumangga sampeyan nginum, kaula caosing ngriki, sa2erenge Nabiulla, kaula wis anang ngriki, sumangga nginuma Juw'an, Sarip Hidayat nginum wari. · 18. Datan telas toyanipun, mung telas satenga kendhi, sinelehaken pratula, ing bokor kencana wening, Sarip ngrasa kanikmatan, inaca alkamdulillahi. 19. . Pratula ngandika arum, dening apa ora en ting, pinasthi karsaneng Sukma, karaton ana kang nglindhi, tan tumulus dadi sultan, roaring anak putuneki. 20. Enggal nginum mali wau, telas toyane sakendhi, pratula aris ri.gandika, sanadyan telas sakendhi, tetep langgeng kang negara, ora kena owa gingsir. 21. Kendhi pratula wis mamut, katingal ana wong dhikir, wastane Sek Kamarulla, wis sidik tingaling Widdi, pandhit_a

sampun maripat, Sarip Hidayat nguluki. 22. Sinauran salamipun, Sek Kamarulla ling aris," bagea kusuma prapta, punapa kang den ilari, Sarip Hidayat ngandika, ayun ngilari Jeng Nabi. 23. Ayun guguru ming rasul, Kang Mukammad jati, ingkang wis araga sukma, Sek. Kamarulla ling aris, ambri apa wong kaula, wong mati sira ulati. - 27 24. 'Asata segara gunung,' enteka bumi lan Ian.git, masa sira pinanggya, besuk isun arep ngabdi; sing sapa nga#akaken Alla , ing dalile iku kapir. 25. Mapan Alla Ingkang Agu'rig, Mukammad pon iku Nabi ,' keramate anang Medina, . iku Nabi kang sinelfr, Rasululla iya ekak, kapindhu gawe sireki. 26. Umur pifa . tapanisun, a11tara oli sawarsi, sarta to9at niaring Alla, pfaridene tan pinariggi,' Sarip Hidayatnganwanody'a pan nulya ilang, sakedhap toli ningali, ing ngawiyat wonten, w9ng nunggang turangga.: · · 6. Sigra Sarip buru enggal, rnunjuk angarnba wiyati, ,wis awor l;n megaduta, parek kalawan turanggi, Sarip ,Hid.,iyaf mareki, ambocang ing buntutipun, ,.nabi •· dyan _ ..tumingal, bir,labitaken wis tebi, sigra lepas til~aing negari Ajerak. · · ·· 7. Tiba ing negari Ajerak, ing ngarsane Dul Sapari, binopong binakta lengga, ing papan kathil widuri, bagea mas putu Sarip, apa gawenir;:t kacung, dening tinggal negara,. Sarip Hidayat mangsuli, angilari kaula guru Mukammad. · 8. Adhu nyawa putuningwang, sira ngulati wong mati, balik sira age kramaa, miliya put~ane ngejin, Sarip Hidayat mangsuli, kas.ue,un tarima hulun, gampil benjang yen wi~ pinan~a, kaliyan Gusti Jeng Nabi, pan binakta sinanggrama dhedhaharan; 9. Dhahara mas putuningwang, saarnbeng lawan si kaki, Sarip Hidayat anemba, kasuhun tarima kaki, siweg cega l:>oten. bµkti, Sek Abdul Sapari emut, duk dhingin pinaringan, dening malekat linuwi, katitipan wowohap kalam muksaii. . , 10. Yen mangkono putuningwang, .. sok panganen. iki kaki, dhingin isun pinaringan, dening malekat Ijrail, sipat wowohan kekali, kalam muksan araneku, Sarip Hidayat tampa, dhahar kalam muksan kang siji,, rasa . sewu nikmate puwa ka1arnmuk~n. 11. ,' Karsane Sarip Hidayat, kang satunggil kangge b~njing, Sek 29 Abdul Sapari mojar, dehing apa Tuwan Sarip, kang siji ora den tedhi, kacega lamon sira dadi sultan, tandha yen ake kang wani, · yen telasa nggone mangan kalam

muksan. *) 12. Dadi ratu kinajrihan, tur dadi sebuteng jalmi, Sarip Hidayat asung semba, sigra dhahar kang satunggil mali, telas kaiam muksan k~kali, Sarip Hidayat anglangut, lir penda mangan baruwang, kalam muksan kang satunggil, rasa sewu sakite wong tinggal dunya. 13 . . Sek Sarip sampun kantaka, gumuling anang siti, Sek Abdul Sapari ngundang, roaring pati Sadasatir, sakali Ian Osalasil, sareng sakali asujud, e pati sun utus sira, bukanen momolo I'hasjid, panjingena si Sarip masigit sungsang. ·,,. 14. Sumarigga tutas timbalan, wus kesa Ki Sadasatir, angehlban Sarip Hidayat, wus prapta momolo masjid, pinanjingan aglis, Sek Sarip sampun malebu, ing momolo masjid sungsang, Sek sarip merad ing langit, sampun lepas prapta ing Iawangan dtjnya. 15. Ing lawang dunya tumingal, kaliyan wong mati sabil, ingkang oli kanugrahan, Ian wong mukmin ingkang alim, kang wekel salat ngibadi, datan pegat samban waktu, para rok nguiuki salam, Sarip Hidayat malesi, angulati isun guru Mukammad. 16. Kapongkur langit kapisan, anumpak ·kapindho langit, pinanggi Ian rokeng umat, pawestri ingkang gumati, kang tartib maring laki, ginanjar dening Yang Agung, sedaya nguluki salam, bagja temen Tuwan Sarip, katur bunga sedaya para wanodya. 17 :' Kawane wong apa sira, kaula nyawa pawestri, anganti Dewi Patima, ing gurune ing pawestri, ing benjang mungga suwargi, angiring Patima ratu, isun ngifari Mukammad, panutane para mukmin, ayun guru kakekat kalima sadat. 18. • Langit kapindho kalintang, munjuk kaping tiga langit, pinanggi Ian Nabi Isa, iku ingkang lagi guling, Sek Sarip nguluki aris, Nabi Isa enggal wungu, sinauran salamira, bagea mas putu Sarip, sukur bagja tinemu Ian ingwang. 19. Apa gawenira nyawa,' 'lan apa kang sira ulati, samiprat tinemu Ian ingwang, Sek Sarip umatur riri, ayun ngUlari nabi, guguru *) tidak lengkap . . 30 sa.rengat rasul, Nabi Ngisa awecana, iya den tumulus kaki, luvvi bagja yen tin~mu Ian Mukampiad. , 20. Mung isun paparing aran, tampanana iku Sarip, sun aratii sira nyawa, Sek Sarip Amanatunggil, Sarip Hidayat sung bakti, kasuhun tarima ulun, Nabi Ngisa nulya nendra, Sarip Hidayat lumaris, nulya munjuk anumpak langit kaping pat. 21. Pinanggi Ian pra malekat, ingkang pirang-pirang kethi, kepalane amung papat, kang ning ngarsa

Jabarail, Minkail Ian Israpil, Ijrail kaping patipun, sedaya nguluki salam, Sarip Hidayat" malesi, para malekat sedaya maca donga. 22. Punapa karsaneng tuwan, sampeyan mungga ing langit, umatur Sarip Hidayat, kaula ngilari Nabi, Mukammad ingkang sejati, ingkang wis ngaraga rasul, J abarail angandika, bagja yen sira pinanggi, kali amba kaula ngaturi wasta. '"' . ', 23. Jabarail awe aran, Sek Jabar jujulukneki, Minkail awe aran, Sek Surya paparabneki, Israpil sampun mastani, Sek Sekar jujulukipun, Ngijrail asung wasta, Sek Garda Pangisepsari, para malekat sakethi ngasungi wasta. 24. Kapongkur langit kaping pat, ping gangsale numpak mali, ing langit sampun katingal, aningali para nabi, para ambiya sakethi, Sek Sarip nguluki arum, para nabi saur paksa, ambubunga . Tuwan Sarip, bagja temen sira tinemu Ian ingwang. 25. Apa gawenira nyawa, sira mungga ing langit, umatur Sarip Hidayat, ayun ngilari Jeng Nabi, Mukammad ingkang sejati, ingkang wis angraga rasul, bagja yen sira pinanggiya, mung isun milu ngarani, Nabi Adam kang awe aran. 26. Nabi Adam awe aran, Sek Kamil prabuning wa}i, Nabi Brahim awe aran, Saripulla wastaneki, Nabi Musa sampun mastani, jujuluk Tuwan Sek Marut, sedaya para bagendha, para ambiya sasakethi, bagja temen sira kinasiyan dening Alla. 27. Sarip Hidayat anemba, ing sakehe para nabi, kasuhun tarima eyang, paparing wasta ing mami, para nabi angamini, anjungjung nama . sinuhun, den · tir!emu sira nyawa, guguruwa maring nabi, Saripulla amit munjuk ing ngawiyat. 31 28. Anumpak anang ngawiyat, narakane wis kapering, dhing~hing jalal kalintangan, angamba uwot mustakim, lo kalam lawan kursi, paksa gunting kalintang, ing langit kapitu prapti, katingalan gumebyar caya gumilang. 15. KINANTHI 1. Sarip Hidayat andulu, aningali . caya wening, terus bumi langit sapta, ing senene caya nabi, gumilang-gilang lir surya, madhangi saalam bumi. 2. Sarip Hidayat asujud, akonjema ring pratiwi, asujud ambal ping lima, anujudi caya nabi, sabadane maca donga, tur selawat mating nabi. i Mukammad lagi pitekur, Sarip Hidayat nguluki, sinauran salamira, Sarip Hidayat nyungkemi, Mukammad anyengka asta, aja nyemba sira Sarip. 4; Pon turtggal jenenge rasul, mung isun tetakon yakti, apa gawenira nyawa, sira ngulati ming mami,

Sarip Hidayat ngandika, . nuhun piwuruk agami. 5. Mukammad ngandika rum, ora isun uwis mati, tan kena muruk ing umat, Ian isun wus gawe wakil, ing dunya rawu ngakerat, ing pakir Ian para kaji. 6. Kitab Kurkan puji elmu, ing dunya pepek pesagi, apa ingkang nora nana, ing dunya puniku kaki, Sarip Hidayat ngandika, tan ayun guguru tulis. 7. Ngilari wujudeng rasul, kaliyan Mukammad jati, kali tegesing kalima, kaliyan sadat sejati, sapinten bedane ika, kaliyan dhikir satari. 8. Mukammad ngandika arum, ora kena den kawruhi, tapi bener ujarira, wajib iku den kauruhi, tapi kudu kekeliran, yen sira arep wru ing urip. 9. Kang basa kalima iku, ya iku dhikir satari, basane la pal la illa, 32 ya iku kalima kali, wong roro dadi saturjggal, ya iku tegese kaki. 10. Lapale kaya iku, ya huwa geru ' iki, lawal kaya ika, tegese ya iki, ora nana liyanira, tegese Alla puniki. 11. Bedane kalima iku, sa.date ingkang wis dadi, ya Alla edating Sipat, sipate ingkang ningali, ningali ora katingal, ya iku sadat sejati. 12. Tutas nggone muruk elmu, Sarip Hidayat nampani, Mukammad aris ngandika, iki tampanana Sarip, ingkang aran juba akbar, rasukane Kanjeng Nabi. 13. Sek Sarip tanpa sampun, kelambi rinasuk aglis, sipat tunggale Mukammad, ora nana ciri winanci, Ian sira n[Ungsiya J awa, anjujuga ing Gunungjati. 14. Ana pandhita ing ngriku, tunggal anak putu nabi, namane Sek Datuk Iman, kang tetapa Gunungjati, den ungsiya sira_ nyawa, gugurua sira Sarip. 15. Nutupa geguru ing isun, sira gegurua Sek Jati, jinungjung namanira, kanjeng sinuwun se}ati, sinaksenan para malekat, katug lindhu anakseni. 16. Lan titip sarengatingsun, aja pegat mungga kaji, saban waktu lakonana, Jumuahe aja kari, Ian puasa ing Ramelan, jakat pitra aja kari. 17. Sing sapa tinggala iku, den siksa kaukum pati, luwi utama pandhita, apa dening para wali, kukuman wenang diranjam, yen ngaku ala sejati. 18. 0 "Sapa ingkang buka iku, maring kekeliraneki, kudu den rasaa, Sarip Hidayat nampani, amit poyan ayun ngunsiya,. Mukammad sampun ngidini. 19. Tumurun sing langit pitu, wus praptaJTiomolo masjid, medal sing. masigit sungsang, ing Ajerak sampun kapering, gelise ingkang carita, ing Gunungjati wus prapti. 20. Sarip Hidayat andulu, yen ana pandhita istri, nanging S~p ora samar, yen iku ibunireki, Babudhampul kesamaran, tan

urung yen putraneki. 33 I . ·· ,f.. ;·•'.· •:·· ,. ! ' ' i I l 21. Uluk salam sapun, Nyi Indhang sampun malesi, bagea kang nembe prapta, sing purtdr_asale dhingin,·umatur Sarip Hidayat, kaula .ti yang sing Mesir. 22. Babudhanipul sigra :nubruk, adliu nyawa putra mami, bener ujar na suwara, isun ken tunggu fog ngriki, sakesahira lelana, isun .kon ngungsi ing Gunungjati. · 23. Pinanggi kali wong luhung, .jujuluke Datuk Kapi, dhingine wong saking Mekka, tetapa ing Cunungjati, Sarip, Hidayat ngandika, samangke wonten ing pundi. 24. Babuclhamphl ~ecana ~m, : samangk¢ pindha ing µkir, ing .GU:wa Dalem tetapa,Sek. Sarip ngandik~ ans, ameJang elmu punapa, pa11dhita k~ng sampun sidik. . . . "'· .,,__ ,.., 25 .. ,Amuruk kalima ra~ul, st::jatine sadat jati, miwa sakeng patarekan; kang aran tai:ek satari, naksibandiya awejang, Mukammad iy~ kawans. 26. Sek Sarip ngandika arum, kantuna Indhang ning ngriki, kaula ayun bengat, guguru roaring Sek Jati, iya ·lungaa den enggal, Sarip Hidayat lumaris. 16. SINOM i. Sarip f{idayat wus lepas, ing Guwa Dalem den ungsi, kocapa ingkang tetapa, · Sek Nurjati Bayan Sidik, alinggi ing sela puti, jµjuluk Sek Datuk. Barul, pandhita . kang wis maripat, kang sampun a11graga jati, salin raga wus awor kalawan stik,ma. · · 2. Sek J ati awas tumingal yen ana tamune wong sidik, keiara caya gumilang, ya iku prabuneng wali, piµasthi karsane Widdi, wong iki tertandha rasul, isun duga wis kerasa, wong iki kang bilaeni, wus pinasthi isun bakal ya ngawula. 3. Sek Jati nulya nurat, ungele kang punang tulis, yen tuwan ayun pinaggya, kaliyan Sek Datuk Kapi, pandhita kang raga jati, · ngungsiya ing gunung Gundhul, yen tuwan ayun bengat, ngilari elrnu sejati,wus tininggal kang surat ing sela pethak: 34 4. Sarip Hidayat wus prapta, ing guwa"Dalern wis sepi, ningali ana tulisan, ungele kedhadha,hgati, Sek Sarip awas ningali, cipt~ne ali-ali Marembut, aiingahahurni sapta, ni.angsa wandeya pinanggi, . · wus katingal wujude Sek Dattik Iman. "5. · Sek Bulyamin nulya kesa, angungsi ing Gunungjati, amung nulari surat, tinaro ing sela kuni'ng, Sek Sarip pan enggal prapti, ing gunung Gundhul suwung, tiningalan ana surat, binuka kedhai;lha ngati, sampun kesa kaprengkok anang dedalan. 6. Uluk salam sinauran, sakali . wus tatalin,ggi,

Sek Bulyamin angandhika, · seja punai;>a wong becik, Sarip Hidayat mangsuli, ayun guguru ketengsun, · Sek Datuk Baral wecana, ngilari prapta wis pundi mali, SaripuHa ngilari jatining sadat. · · 7. Tegese basa kalima, lan sadat kalirna kali, kapriyen bedane tunggal, Sek Bulyamin arnangsuli, tur sarwi mesern j~9-'., . .a'ii, Sek Datuk Baral a.ri)µWi,!s, ora tala ujarira, nanging padha sµmpa dhingin, sapa cidra· 1~1>pJc,~1nanawa nernu baya. ·,c'.c{~.t 8. Mbok isun kaJatfa"riya, ing benjang kumpuling wali, prawantu wong pranesan, angurus parebut elrni, Sek Sarip sampun nakseni, sakali pan sumpa sampun; lan tegesing kalima, anane wong roro iki,.ana dening kang bangsa kalima sadat. 9. Sabakal patang prakara, wadi rnadi lawan rnani, rnaningkern saking si biyang, abang sipate kang geti, saking bapa iku puti, mu- . lane ana ashadu, kang papat dadi satunggal, ciµnpure dadi sawiji, · rnilani'pun ana ltipal la ilaha. · 10. Mulane ana ing sipat, jamal jalal iku kaki, duk prabot gawe kalam, wus dadi aras lan kursi, lo kalam saldng sawargi, wus dadi neraka pitu, lawan ana dhingdhing jalal, wis ana ing sira kaki, lan rinaksa sira ing malekat papat. 11. Sakabe wus anang sira, saisining bumi langit, apa ingkang ora riana, yen ta ngande bo Sarip, ciptanen yen sira guling, katon sajroning turu1 Sarip Hidayat tampa, rujula wuruke nabi, lan parimbon iki tampanana. 12. La'n sira ngaliya aran, Pangeran Carbon kaki1 sumangga Sarip Hidayat, lan sira sampun- pinasthi, dadia prabuning wali, jumeneng 35 ·-·--··--·--·---------------···-·····------ kanjeng sinuhun, nama Sultan Jatipurba, ngereha ning Cerbon ,kaki, nanging isun nyebut guru maring sira. 13. Sabab sira kadhodhokan caya, m:r wakyu ing para nabi, la1~ tetepa ing sarengat, agamane Kanjeng Nabi, aja pegat mungga kaji, Sek Sarip atampa sampun, wuruke Sek Datuk Iman, karsane arep ngabekti, Sek Nurjati ilang ing ngayunanira. 14. Jeneng Pangeran Panjunan, iya tunggal Siti Abrit, jujuluk Sunan Sasmita, ilange Sek Gunungjati, Sek Sarip kaget jro ati, gegetun ing nalanipun, nanging Sarip ora Samar, ujare Pangremtut puti, wus katingal gunane Sek Lema Abang. 15. Parimbon sampun binuka, rujula elmuneng nabi, tan nana siwa sakecap, parimbone k Sek Jati, Sek sigra pinar.ggi, kaliyan Nyi Babudhampul, pan sami linggi satata, kali Indhang Gunungjati,

mupakatan pangurus kalima sadat. 16. Rujuk lan Sarip Hidayat, Nyi Indhang malebu wirid, Babudhampul awecana, kaula amireng warti, ing wetan ana wong sidik, amuruk sarengat rasul, jujuluke Ampeldenta, gunung Maryam panggonaneki, saking Cempa wastane Sek Kamarulla. 17. Sarip Hidayat ngandika, ami ibu ayun ngungsi, kaula ayun bengat, gegum kalima kali, inggi sumangga ngungsi, Sarip Hidayat wis mampnmg, sampun lepas h1mpahira, ing Ampel sampun prapti, kawuwusa kocapan Sek Ampeldenta. 18. Ing wetan Sek Kamarulla, ginuron sakeng bopati, miwa sakeng para pangeran, guguru Sek Ampeldenti, Sek Ampel ngandika aris, e sakehe santrinisun, sira padha ngalakonana, yen sira arep luwi, tetapaa am bisu ing marga. 19. Angulatana kalima, yen sira arep luwi, tegese kalima sadat, iku wajib den gulati, Pangeran Kendhal sumanggi, kajian tetapa bingsu, Pangeran Madum ken tapa, amujung aneng pasisir, wong Kajorang kon tapa mandeng surya. 20. Bubar sake para pangeran, anglakoni tapa lali, prentahe Sek Ampeldenta, ken ngilari sadat kali, lamon sira arep luwi, kudu tinemu lan guru, kang aran Sarip Hidayat, iku ratune wali, ingkang dadi wakilel',l'abi Mukammad. 36 21. Kesahe para pangeran, kang kantun Sek Ampeldenti," rawuhe Sarip Hidayat, uluk salam den sauri, sesalaman asta kali, wis jajar samya lunggu, Sek Ampel aris ngandika, bagea kang nembe prapti, saking pundi maliye ngilari punapa. 22. Matur Sarip Hidayat, tanpa desa awak mami, ujare kan~ awe aran, Sarip Hidayatullahi, ayun guguru agami, kang aran kalima rasul, Sek Ampel aris ngandika, tegese kalima kali, nama Alla Kang Agung purba wisesa. 23. Tan nana liyane kawula, mung Alla kang sejati, sing sapa nganakaken All;, ing dalile iku kapir, kawula sinungan budi, saking Alla Ingkang Agung, Sarip Hidayat ngandika, leres Ki Sek Ampeldenti, mupakatan angurus kalima sadat. 24. Sek Sarip anyuwal lapal, kalima kayun puniki, ing pundi nggone tunggal, iman tokide para nabi, endi sajatining nabi, Sek Ampel ngandika arum, tan liyan kudrating Alla, panggonane Kanjeng Nabi, lan duk kamad kumpule aksara papat. 25. Sek Ampel ngandika, kula uning Dalil Kadis, marga lantaran sing tuwan, uninge pan sami-sami, inggi tuwan kang asung uning, benjang sudawa ing gunung, Sek Ampeldenta

ngandika, kaula amireng warti, wonten Esek tapa ing gunung Gaja. 26. Mapan asal saking Mekka, tetapa ing tana Jawi, wastane Sek Bayanulla, asujud maring Yang Widdi, kawarta ali. agami, sanget tapane anglangut, samangke ngali aran, Pajarakan · wastaneki, pan~otane gawe amal dana dina. 27. Umatur Sarip Hidayat, ami kaula yun wirid, inggi sampeyan den mulya, Sarip Hidayat kesa glis, wus lepas angungsi ukir, sigegen ingkang lelaku, kocapa ing gunung Gaja, ingkang lagi tapa lali, panggotane gawe amal dana dina. 17. ASMARANDANA 1. Kocapa kang tetapa ngukir, Pangeran ing Pajarakan, angebon jagung gawene, anglakoni dana dina, wonten ing girl Llman, yen le bar jagunge iku, ngamalaken pahatan lahang. 37 2. Sek Jagun~ wastani.r~ki, duk lagi ngebon jagung punika, saman~e ngah arane, K1 Dares kang tukang mahat, anglakoni dana dma, yen kebek lodhonge iku, tinaro anang dedalan. 3. Mahat arene sauwit, jujuluk Ki Panderesan, marek ing dedalan gedhe, karsane ag~we amal, maring wong kasatan toya, saman~e arane surud, K1 Dares araning mana. 4. Wis lawas aren puniki, ora isun kudang-kudang, samangke asat. ba~yune, en~al den penek arennya, sumbari ngura-ura, . ngelik-elik: tembangipun, ado katon parek ora. 5. Adohe t~pa wangen iki, pareke tan~a gepokan} den ulati parek ba_e, kalmgan ing raganira, jatine anglir soca, lir surya kembar dmulu, ya ik:u jatining sadat. · 6 .. Sek Sarip ~rapta nguluki, salame wis sinauran, tumurun Kyai Dares, sak'.311 wus sesalaman, pan sami jajar Iengga, Ki Dares enggal muwus, smg pundi asale tuwan. 7._ Lan sinten ingkang wewangin, Ian mali ngilari punapa, Sek Sanp alon wuwuse, tanpa desa awakingwang, Sarip Hidayat ingwang, kaula ayun guru, ing wau tembang sampeyan. 8. ~umangga n~a muradi, kang ado parek gepokan, ki Dares :ins ~wuse, II1ggi lir surya kembar, mencorong kadi lintang, anglir tunJung tanpa banyu, ya iku jatining sadat. 9 • Pan dadi kalima kali, yen boten cocog lilima, sarengat Ian kakekate, akekat kali maripat, cocoge wong agama, lawan keramate agung, yen ngandel coba tuwan. 10. Y ~n ng~del tuwan ing mami, keramate ing sahadat, tal-: erog WI!eng Jambe, tur rnaca kalima sadat, gempar jambe dadi emas, K1 Dares eram ing kalbu, wenang ginuron wong ika. 11. Sajege ku~a gadhui, kang

saran kalima sadat, nanging ora kaya_ kenen, K1 Dares pan asurtg salam, wus rujuk mupakatan, nanging kula ayun guru, ing wau tern bang sampeyan. 12. Inggi ngungsiya ingf. gunung benjing, yen tu wan ayun uniJlgan, ing Gunungjati genahe, Sek Sarip anulya ilang, angungsi 38 ing Nusakambangan, Ki Dares kaget andulu, gegetun ing nalanira. 13. Iya nyata wali luwi, kang lagi nyebar kalima, sarengate nabi kaot, sigegen Ki Panderesan, kocapa ing Nusakambangan, ingkang lagi tapa adus, jujuluk Sek D: tmarmaya. 14. Makdum Sarpin kang den aji, tapane adus kewala, siyang dalu tanpa sare, dhingine pan saking Mekka, jujuluk Sek Nataulla, kabur dening elap wau, tiba ning Nusakambangan. 15. Sek Sarip pan enggal prapti, uluk salam sinauran, wus tata sami linggiye, Sek Kambangan angandika, bagea kang prapta, sing pundi asale kamhun, umatur Sarip Hidayat. 16. Lawase awak mami, Saripulla wasta kula, ayun guguru katengong, elmu punapa tuwan, siyang dalu tanpa nendra: aduse sore esuk, ngandika Sek Damarmaya. 17. Anglampahi Makdum Sarpin, tapane adus kewala, siyang dalu tanpa sare, nganakaken sipat tunggal, kudrat lawan iradat, yen wis tutug lakunipun, bisa rupa wama papat. 18. Yen uga samono kaki, dudu jenenge pandhita, anganakaken wong roro, iku sing durung kamwan, yen durung wem sadat, layen ngandel maring isun, lagi kali kenang asat. 19. Coba tingalana kaki, keramate ing sadat, Sek Sarip maca sadate, sakedhap kaline asat, keramate ing sadat, Sek Damarmaya anubmk, tumut guru kula tuwan. 20. Lamon tuwan ayun uning, tegese ing sahadat, ing benjang ngungsiya Carbon, kumpule para oliya, ing Gunungjati mulya, Sek Sarip pan ilang sampun, angungsi pangeran Kendal. 21. Sek Damarmaya kawingking, kocapa pangeran Kendhal, ambis:u wau tapane, ngilari kalima sadat, tuduhe Sek Ampeldenta, ing marga nurut ing laku, siyang dalu tanpa nendra. 22. Wus pinanggi i< Karsanira awangun negari, ya ing Carbon suhunan tumedhak, katila; Gunungjatine, sakeng santri nut pungkur, anut karsane istri, gelise kandha negara, wus mangun sempun, kutha bantas sampun priyat, Kasepuhan alun-alun sampun dadi, sapepeke ing negara. 25. Mung masigit ingkang durung dadi, kali bangsal apondhok Jelagrahan, iku

panggonaneng katong, pertandha wall kutub, tan purun mas picis, dunya dadi brehala, anyarimpet laku, kasigeg gusti suhunan, wonten mali sempale kandha kinawi, kocap ing negari Tuban. 45 19. ASMARANDANA 1. Ing Tuban nama dipati, jajuluk Suryadiwangsa, amung satunggal putrane, bagus cayane lir wulan, semune gandhang prawira, dhiweg baleg wayahipun, katilar ing ibu rama. 2. Mapan tunggal saking Mesir, ibune pangeran Tuban, pan sampun sumala kabe, pangeran pan kari Iola, jujuluk Raden Nurkamal, Pangeran Tuban ya iku, putrane Suryadiwangsa. 3. Ngumpulaken para mantri, miwa sakeng para kawula, ayun sedheka karsane, anglakoni dana dina, racak sakeng kawula, ambagi dunya puniku, rantaban punjul sasigar. 4. Saban dina awan bengi, ngumpulaken wong masiyat, sukasuka sabature, apesta inum-inuman, lelawuhe manca warna, kang sawene udut candu, kang sawene udut ogan. 5. Reronggengan dolan kecik, sawene ai:igadu sampak, ana ingkang ngadu kiyok, pangeran ngodhol dunya, wong masiyat kabagiya11, pan kangge amal ning ngriku, ing dalem pan suka-sukan. 6. Sampe dunyane baresi, kanggo amal dana dina, pangeran langkung sukane, gelise ingkang carita, wus parek sidheka mendhak, karsane pangeran wau, ayun wade negara. 7 . . Ki pati wus den aturi, jujuluk pati Sutiman, wus satata linggiye, pangeran aris ngandika, e paman pati Sutiman, sampun maras ingjro kalbu, kaula matur wecana. 8. Si paman dadosa aji, jumenenga aneng Tuban, mung gadhenen negarane, kaula ayun sidheka, amendhak ibu rama, gadhenen dinar rong ewu, pati Sutiman ngandika. 9. Pangeran den emut gusti, sampun makaten pangeran, tan wande ical telere, sampeyan dados nalendra, kaula anut kewala, Pangeran Nurkamal muwus, -ora paman den turuta. 10. Gelise ingkang kinawi, ki pati nurut kewala, wus ginadhe 46 negarane, dinar rong ewu sinukan, 'Pangeran Tuban tampa, karsane arep tutuku, ing pasar ay411 sidheka. 11. Ing pintu jawi pinanggi, kali kaki-kaki tuwa, si kaki ature alon, mangke putu ayun tanya, ing pundi negari Tuban, pangeran ngandika rum, ing ngriki negari Tuban. 12. Ayun punapa kiyai, si kaki atur wecana, ayun tetilik katengong, maring sanak kadang rayat, iya dipati Tuban, inggi kula putranipun, ibu rama sampun peja. 13. Kiyai ature

riri, sukur tinemu lan sira, tanggapen dongeng katengong, lamon sira arep mulya, tinalukan para umat, nanging upa rong ewu, sadinar tan kena kurang. 14. Pangeran angling jro ati, yen sun tanggapa dongeng ika, tan sidheka katengong, yen nora isun tanggapa, ora weru ipg carita, dadya dinar rong ewu, sinukan kinarya upa. 15. Si Kyai sigra nampani, kang dinar wus sinimpenan, kiyai wus prak ndongeng, rusia aja den buka, lan aja nampik bagja, arip aja sira turn, yen rabi aja sinarean. 16. Mung samono turur mami, nanging wajib linakonan, yen arep mulya awake, lawan iki cung tampanana, si Gundhil kulambi tanibal, lan sun ali aranira iku, aran Sarip Durakman. 17. Kasiyate ing kelambi, bisa ngamba awang-awang, lan dadi panutupeng katong, pangeran tampa enggal, binuntel klambi tambal, si kaki pan ilang sampun, pangeran kaget tumingal. 18. Pangeran pikir jro ati, yen nora sun lakonana, dening gedhe tanggapane, nulya pangeran anglantar,. angungsi negari Orawan, ngawula dhateng sang prabu, ing ngarsa pangkur tinembang. 20. PANGKUR 1. Gelise ingkang carita, wus ngawula Durakman ing sang aji, lulut asi ning sang prabu, antarane ya wis lawas, angsal sawarsa Durakman ngawula ning_ratu, sang nata aris ngandika, ming panakawan Sarip 47 2. Durakman ~ira metua, pepekena sagunge para mantri, kon siaga tumbak busur, atawa pangrampogan, ingsun arsa ming wana beburu lembu, Durakman matur sumangga, yen tutas timbalan pamit. 3. Ya wis age den kebat, sigra kesa Durakmari dhatengjawi, andher kaula umyung, ngantos punang timbalan, panakawan isun kinongkon sang prabu, kon sjyaga tumbak pedhang, karsane sri bopati. 4. Ayun kesa wana priga, ameng-ameng sang nata ing wana girl, karsane beburu lembu, ngilari sangsam kang domba, para ponggawi angantos dhateng sang prabu, Durakman wangsul ing pura, matur roaring sri bopati. 5. Umatur Sarip Durakman, sampun andher kawula bala ing jawi, kantun ngantos ing sang prabu, sang nata sigra dangdan, abusana sikep kapr~boning fatu, wus medal sing jro pura, ginarebeg ' . ing pawestri. 6. Wus caos titihan gaja, linaraban sutra puti, sinongsong Ian mas murub, sang nata sigra numpak, sampun budhal sang nata Urawan umyung, sampun }epas lampahira, Adurakman datan kari. 7. Gelise ingkang carita,

sampun prapta mesanggrahan wana girl, wong Urawan sami umyung, sagelar-gelar manira, tepung wakul ing wan beburu lembu, sang nata kemutan pusaka, jimat talempeke kari. 8. .Durakman sira balika, juputen jimat talempek kari, pangeran pan kesa sampun, wus lepas lampahira, gegancangan lampahe Durakman wau, sigegen ingkang lumampa, kocapa ing dalem purl. 9. Garwane nata Urawan, dhedhemenan kali panakawaneki, Raden Tuma wastanipun, sakali neng pagulingan, lulut asi sang putri sisiwo sampun, kaU Raden Tuma, putrane Ki Judhipati. 10. Pan sering lok dhedhemenan, Raden Tuma kali Dewi Srigadhing, yen tinilar ing sang prabu, sakali sami nendra, ning paturon kocapa Durakman rawu, tan mawi nganggo rarapan, malebet ing dalem purl. 48 11. Tan uning ana wong nendra, Adurakman ajuput jimat ing purl, talempek binakta sampun, sang putri kaget tumingal, dan gumeter tan wande matur ming sang prabu, enggal sira gawe akal, anjerit tur amisusuhi. 12. Sinebit sandhanganira, nulya medal karsane wewadul ing laki, untap-untap lampahipun, sekali sampun lepas, sampun pfapta ing wana Durakman arawu, wus katur wau kang jimat, prabu Ngurawan nampani. 13. Kocapa garwanira prapta, Iara nangis wewadul roaring laki, Prabu Urawan nyambut, sang putri binakta lengga, sok matura aja nangis raden ayu, sang putri atur wecana, tan suka kawula Gusti. 14. Kaula duk lagi nendra, nunten prapta panakawan manjing purl, anggubel kawula wau, sandhangan kula resak, kttrsanipun kaula den ajak turu, kawula tan boya suka, panakawan kaya · anjing. 15. Sang nata ngandel ing garwa, datan priksa karsane dame! tulis, ungele kang serat iku, katur maring Judhipatya, sok tugelen ~lune boca puniku, boca ingkang gawa surat, tugelen den kongsi inati. 16. Yen ora den patenana, : ya den yatna sun pateni sira pati, sang nata atandang sampun,. Durakman sigra prapta, sok balika aturena suratisun, aturena ming Judhipatya, Durakman sumangga mami. 17. G'elise ingkang carita, Abdurakman wus lepas anggawa tulis, ing marga sampun kapethuk, kaliyan · Raden Tuma, tinakonan kinongkon apa sireku, sumaur punang Durakman, kinongkon ing Gusti mami. 18. Kinen ngaturaken serat, isun dhateng• Ki Judhipati, Durakman nulya laju, si Tuma

atut wuntat, sigra-sigra Raden Tuma lumampa ing pungkur, kocapa ing margi kota, ana wong sidheka pitik . . 19. Angadhang wong liwat dalan, kinen mampir tumepeng sam49 pun den kubengi, kepateng Durakman laju, bagus mampira, Abdurakman kelingan duk kala wau, rejeki aja den tolak, Abdurak- · man sigra mampir. 20. Surat tinaro ngiringan, sampun tepung wong katha sami ngubengi, kocapa Raden Tuma wau, tan sabar yen ngantiya, sigra mundhut kang surat binakta sampun, cangkeme bari kadhumelan, wus anglarap ing kyana patya. 21. Wus katur ingkang nawala, dyan binuka ungele kadhadha ngati, tanduke serat puniku, potongen kang nggawa surat, yen tan peja gulumu sun tigas mbesuk, kinarya lironeng boca, Ki Judhi kaget jro ati. 22. La yen sun patenana, yen oraa tan wande awak pribadi, adan Judhipati nyambut, kang putra wis tinigas, anggulethak Durakman pan enggal rawu, ki pati aris ngandika, apa gawenira maning. 23. Umatur Sarip Durakman, kiyai pati kawula kinengken Gusti, ken mundhut layon puniku, kyan pati tudu enggal, sok gawanen Durakman sigra nyambut, geganting sampun binakta, wus lepas ing wana giri. 24. Wus prapta ngarsane nata, sang Urawan kaget ningali, dening sira ora lampus, geganting wus tinampanan, Adurakman umatur kaula nuhun, pramila kula tan peja, tumbas dongeng kula Gusti. 25. Kacatur satingka pola, Sang Ura wan osik sajroning ati, Durakman sigra tinundhung, sok sira lungaa, saking kene sira ngawulaa ing ratu, ing negara Dhiriliwungan, nanging ratune pawestri. 26. Durakman amit ing karsa, sok miyanga amung isun tudu margi, Durakman pan kesa sampun, wus lepas lampahira, kawuwusan kocapa Kedhiri wau, ratune iku wanodya, kuninge lir dhangdhanggendhis. 21. DHANGDHANGGENDHIS 1. Kawuwusan kocapa ing margi, cawang papat dadalaning pu50 ra, teka nimpang ning burine, sapungkure dalem agung, wonte:ﬁ gedhong enda luwi, Durakman tumingal, ing gedhong malebu, kelambu sampun binuka, salebete ana makame wong mati, Durakman heran ing mana. 2. Saban-saban gedhong den panjingi, gedhong sanga kabe isi makam, Durakman heran manahe, Durakman nulya laju, malebet · ing dalem puri, wus binakta ing alampa, Durakman kinepung, datan bangga tinalenan,

wus binakta katur mating ratu dewi, ratu ing Dhiriliwungan. 3. Wus katur sapolahing maling, ratu kenya welas denira tumingal, sewu wuyung ing manahe, pati uculana iku, balik tarangen paman pati, pati Laweyan sumangga, tetali wus ucul, tinari pun Abdurakman, gelem sira krama Ian Gusti mami, ratu ing Dhiri- ·liwungan. ' 4. Abdurakman ature ariri, nggi sumangga ki pati subagja, wus katur ing bendarane, geliseng kandha iku, Adurakman mengku rabi, ing dalem pan sasareyan, kali garwanipun, Adurakman tanpa pola, eca nendra nanging atine tan guling, kelingan ing dongeng ika. 5. · Rara kenya polahe lir mimi, angreragan pangeran tan oba, mapan Durakman tan sare, kang kacita gurunipun, duk si kaki tudu margi, angreragan wis kangelan, telas ing akalipun, sang putri nulya nendra, kokotane medal sing komalaneki, kelabang sing pawadonan. 6. Raden putra kaget aningali, kokotane medal sing komalanira, kelabang arep nyaut, Raden Durakman sigra· nubruk, wus cinandhak kelabang puti, binanting sampun tiba, sipat dadi dhuhung, pangeran nyambut enggal, winastanan sun arani keris iki, si Kalamunyeng panimbal. 7. Singa ingkang kadhodhokan keris, duking benjang amutera ing Jawa, tur sinelir ing putrane, nulya sang ratu wungu, sakali medal ing jawj., wus linggi ing paseban, ing jawi gumuru, kang sami damel bahan Ian maesan, anyaosi Gusti mami, ratu ing Dhiriliwungan. 51 8. , La yen laki esµk sore mati, milanipun wau cinaosan, punika adat luwange, Dura:kman sigra ndangu, apa rame-rame pati, pati Laweyan mojar, tiyang merang kayu, tataban ki maesan, anyaosi andika Gusti, Durakman angandika. 9. Yen mangkono aja sida pati, karsaning Yang isun masa matia, wus takdire ing Yang Manon, geliseng kandha iku, kawula bala wus ampi, ujare wis lawas, Durakman ning ngriku, lulut asi garwanira, lir kapithing sang rara gumati laki, Pangeran Tuban ngandika. 10. Ya den sabar wong ayu akrarrii, den antiya.si kakang lelampa, durung tutug lakuningong, sang putri aris muwus, inggi kakang isun anti, nanging padha prasetya, sakali sumpa sampun, pinanggiya jaka lara, lamun benjang tinemu lan nini-nini, ing alam dahuru jaman. 11. Sarni kesa sang putri anganti, sampun gebur silem ing samudra, kidul iku jujuluke, pangeran kesa , sampun, wus lepas angungsi

ukir, anjujug Ampeldenta, Sek Kamarulla wau, ing kana pan sampun prapta, wus pinanggi kaliyan Sek Ampeldenti, Sek Kamarulla ngandika. 12. E bagea ingkang nembe prapti, saking pundi prajane pangeran, lawan sinten jenengane, pangeran sigra matur, inggi kula saking Tubin, Nurkamal inggi amba, Durakman rumuhun, ayun guru ing tuwan, ki pandhita tan purun muruk ngelmi, wus awasing tingalira. 13. Wus kawruhan yen carateng wali, semunira gumilang lir emas, pertandha iku tutupe, kocapa wali sanga iku, Sek Kamarulla semune ajri, tan purun yen sinemba, Sek Ampel wau, lamon sira arep mulya, lakonana tapa pucukeng braja kaki, oliha rong ewu sira. 14. Lan sun ali aranira iki, sun arani Raden Lokajaya, iku pantes ing arane, pangeran tampi sampun, inggi kyai kula amit, iya wis miyangan, Lokajaya mamprung, wus lepas lampahira, ing J epura bebegal lawan memaling, gelise ingkang carita. 15. Tiyang dagang san1i padha mati, binegalan ing alas Jepura, 52 ambruk tumpuk bebathange, katha ponggawi lampus, Lokajaya ngelanangi, bebangsat satana · wetan, sami padha suhud, kathahe wong kawandasa, Lokajaya bibiteng panthong Ian maling, ngutil Ian bebegal. 16. Tan kacandra sapolahing kawi, datan kobet carita punika, supaya gelis kandhane, sigegen kandha iku, ingkang gawe laku· ngutil, kocapa ing gunung Gaja, Ki Dares duk wau, ayun ngilari oliya, maring Carbon kersane nggeguru elmi, tan kari Ian garwanira. 17. Nyi Mukena lumampa ing wingking, Kyai Dares lumampa ing ngarsa, sumbari mikul kempeke, kang selayan puniku, tumpeng anyar panggang kebiri, lumampa iring-iringan, ing wana malebu, wus panggi kali begal, binarutan tumpeng kempek wus den ambil, nerajang Nyai Mukena. , 1-8. Gugujengan wilulang sauwit, nulya pegat kagebur ing lobang, sesambat ing pangerane, nedha tobat ing Yang Agung, apuranen ing Yang Widdi, rening wilulang pegat, pira dosanipun, sakali Ian garwanira, dhedhikiran tan kerasa den pedhangi, enak sira selawatan. 19. Lokajaya kendel aningali, iku apa tembene tumingal, wong ika wenang ginuron, gegetun ing nalanipun, gegantinge kurang siji, jejege wau sanambang, ambegal wong iku, bature wis padha burat, clatan pasa tumbak pedhang padha malik, Ki Dares enak dhedhikiran. 20. Lokajaya metu ngarep

medal wingking, pasra tobat maring Ki Dares ika, apuranen awakingong, munggiya diwuruk elmu, agama .k:ang luwi adi, Ki Dares tumingal, ing begal puniku, katon cayane gumilang, wis katara yen iku tutupeng wali, oliya ing tana Jawa. 21. Angandika Ki Dares ariri, lamon sira guguru maring ingwang, awakira masi kotor, den basmia karuhun, supaya awakira baresi, gelise ingkang carita, Ki Dares manahipun, kemutan ingkang punika Ki Dares andhudhuk bumi, ecis kinarya lempag. , . 53 22. Wus kinubur ing sajroning bumi, Lokajaya den ali aranira, Jagabaya jujuluke, Ki Dares kesa sampun, lumampa kali kang rayi, wus 1epas lampahira, kasigeg kang lelakli, wonten sempaling carita, caritane sang nata ing Majapait, tetamuan putranira. 23. Sing Palembang asale karihin, Raden Pata punika kang sepa, Den Usen iku adhine, sejen bapa tunggal ibu, Den Pata sing Maja~ pait, Raden Usen punika, buta ramanipun, sakali pan sami seba, ming kang rama sang nata ing Majapait, bungahe marwatasuta. 24. Angandika nateng Majapait; anakisun .sira Raden Pata, den sabar sira wong enom, besuk dadia ratu, amengkuwa ing Majapait, amung adhinira, Raden Usen iku, · sun gawe senapatya, jujuluke si Terung nama dipati, dadi pangiringing bala. 25. Sinelehan epok lampit, raden Usen nama senapatya, pati Terung jujuluke, wong Majapait iku, para. mantri anakseni, kocapa Raden Pata, lir encung dikulub, wirang ningali b9patya, mapan isun putra bopati, tan ginawe senapatya. 22. SINOM 1. · Nulya Raden Pata kesa, raden semune purik, tanpa beda Brawijaya. pon isun putra bopati, wong liya ginawe pati, eman ir1g wong embu-embu, nulya kesa Raden Pata, angungsi Sek Ampeldenti, kawuwusan kocapa Sek Kamarulla. 2. Tebeng sineba para pangerari, santrine Sek Ampeldenti, karsane ambedha kutha, anglurug ing Majapait, kumpul sake para bopati, wus anut agama rasul, ing wetan para bopatya, sedaya manjing agami, Majapait cinarita tanpa bala. 3. Cinarita kaping tiga, anglurugi Majapait, sawiji tan medal yudda, ake marttri padha mati, wong cilik pan sami ngili, den amuk dipati Terung, bala Ampel sa.mi bubar, 3.l'lgiring Sek Ampeldenti, kaubengan singidan ing ukir Bonang. 4. Ing Bonang pan wangun kutha, panembahan Ampeldenti, 54 dereng kasebat

suhunan, Panembahan Bonang dhingin, kumpul para bopati, miwa Panembahan Kudus, miwa Dipa.ti Magelang, Tegal kalawan Weleri, Belangbangan miwa Tumenggung Lumajang. 5. Ing Bonang pan sami seba, sakathahe para bopati, pan sami suhud sedaya, mating Ki Sek Ampeldenti, sakeng bopati agami, anut sarengateng rasul, Sek Ampel aris ngandika, e sakehe para mantri, saksenana ingsun gadha ubaya. 6. Singa ingkang mental yudda, nalukaken Majapait, ganjar alas Bintara, tur jumeneng senapati, tur benjang mutera Jawi, sarta tinalukan ing ratu, sirep sakeng bopatya, sawiji tan nanggung jurit, kang kocapa santri anyar Raden Pata. 7. Sujud nemba ing pandhita, kaget Ki Sek Ampeldenti, katon semune gumiwang, bagea kang nembe prapti, sing pm1di 'asale dhingin, Raden Pata nemba matur, kaula saking Palembang, nanging rama Majapait, ayun guru kaula elmu agama. 8. Gampang muruka agama, tambanana wirang mami, tetambane Brawijaya, talukena Majapait, sun ganjar Bintara kaki, tur sira jumeneng ratu, Den Pata matur nemba, sumangga kula nyanggemi, Ian sira sun junjung senapati Den Bintara. 9. Epok lampit wus katampa, wus jumeneng senapati, jujuluk Den Bintara, para mantri anakseni, wus binabar payung kuning, kaula bala gumuruh, sampun pepek para ponggawa, ing Bonang wus pasang mimis, kawuwusa Ki Dares kakanthen sukma. 23. K IN AN T H I I. Ki Dares enget ing kalbu, duk binegal lagi dhingin, begale pinendhem lema, apa mati apa urip, yen matia begal ika, isun bakal oli sirik. 2. Gelise ingkang cinatur, Ki Dares sampun lumaris, angungsi alas J epura, ing J epura sampun prapti, wus mendhem suket wilulang, kayon ning carang epring. 55 3. Ki Dares andlmdhuk, labete mendhem duk dhingin, ecis kinarya lempag, gelise ingkang kinawi, Pangeran Tuban pinanggya, lir kapuk sariraneki. 4. Binopong binakta mantuk, ing gunung Gaja wis prapti, Pangeran Tuban wis merad, pinanggi Ian rokeng nabi, wis oli idining Sukma, jujuluke Sunan Kali. 5. · Ki Dares atubruk-tubruk, .den tam bani tamba cacing, gegedhok kali sembetan, tan waras dipun borehi, enggal sira ngobong dupa, kinukusan menyan puti. 6. Angrejet pangeran wungu, puli kaya duk i~ dhingin, Ki Dares bunga kalintang, bagja sira urip maning, lamon

sira arep mulya, ulatana Sunan J ati. 7. Pangeran amit ing guru, miyanga den ngati-ati, sigra pangeran tumedhak, limampa nurut ing ukir, ngilari gunung kang mulya, oliya Suhunan J ati. 8. Kocapa wau Se Makarut, sinuhun ing Puserbumi, karsane mapagi marga; pangeran Tuban pinanggi, Durakman sira tumingal, kepapag Ian Tuan Kaji. 9. Durakman aris matur; tatakon ing Tuan Kaji, amit kula ajeng tanya, negari Carbon ing pundi, sek kaji aris wecana, inggi bagus wonten ngariki. 10. Sing pundi asale bagus, matur inggi saking Tubin, kaula ayun bengat, geguru agami N abi, Sek Sarip aris ngandika, sumangga sun tudu margi. 11. Sumangga Durakman anut, kering dhateng Tuan Sarip, gelise ingkang carita, wus prapta ing pintu jawi, salebeteng kutha jaba, bagus ngantiya ing ngriki. 12. Mangke kula matur ming guru, sab kiyaine wewiki, luwi tartib Ki Pandhita, mulane ngantiya ning ngriki, Pangeran Tuban sumangga, Sek Sarip kesa tumuli. 13; Lepas lampahe darung, Pajajaran kang den ungsi, karsane ayun binedha, ken,anut agama Nabi, nanging ora nggawa bala, wis wateke wall luwi. 56 14. Yen perang tan ngangge napsu, mung henenge ingkang jurit, sabar kali tawekal, iku gegamane jurit, si gegen ingkang lumampa, kocapa sri narapati. , 24. SINOM I. Kocapa ing Pajajaran, sang prabu ing Siliwangi, tingtrim tan kena seba, katilar ing putraneki, sawiji tan ana kari, dala pep~- tihe mamprung, mila sanget karuna, tartpa mantri Ian ponggaw1, pan tan ana andel-andel ing ngayuda. 2. Dangune sira karuna, Sang Prabu Siliwangi, katingal ana ponggawa, telik saking Puserbumi, tanpa bala jeneng., wali, sang 11ata awas andulu, nyata iku waliyula, arep nalukakerl. mami, yen taluka wirang isun maring boca. 3. Nulya sang nata kemutan, pusakane wong karihin, tetedhakan saking dewa, betara Guru linuwi, sipate ya ecis, sang nata anyambut sampun, cinancebaken ing lema, tenga alun-alun dadi, winastanan lingdhudhi wulung punika. 4. Sarta matek ajinira, ingkang aran aji sikir, sakedhap pan negari ilang, samun dadi dhedhemit, mung kantun . bale satunggil, kinarya warisanipun, Sek Sarip nulya prapta, gegetun ing nalaneki, wus tan kena karsane Sang Maha Mulya. 5. Nanging Sarip ora samar, ujareng parembut puti, alingana bumi sapta, langit kapitu sireki,

lumu yen sira agami, tan anut sarengat rasul, ing dunya rawu ngakerat, mangsa awora Ian mukmin, ting salempit ning gogombol wong Pejajaran. 6. Lir sima wong Pej3Jaran, sake.cap rasaneng wali, tinurutan ing Yang· Sukma, kawula pan sampun dadi, pan sampun pating pragigi, asipat sima puniku, lan bale sira aliya, ing benjang sun gawe candhi, lan kemita patangpulu saben wulan. 7. Sumangga wong Pejajaran, lam on sira arep balik, dang mulya dadi manusa, tugelen kayu ligundhi, yen wis tugel kayu iki, pas57 thi sira kaya mau, den ungku nukuwa wulan, yen durung tugel ligundhi, datan oli sipat d-adi manusa. 8. Wus kinarya padamelan, Sek Sarip karsane balik, angungsi ing Pandhanjalma, ing Sendhang patapan sepi, angungsi Wanagiri, suwung petapanipun, nulya ngungsi Lebaksungsang, katingalan ana wong nyabin, gaga sawa pangg6tane wong tetapa. 9. Sek Sarip ora ngetingal, mung asung suwara belik, kaki tuwa Iagi apa, den emut jumeneng kaji, manggota ginawe sugi, gawe berhala iku, balik tuwan age pulang, ngistrenana dadi wali, ing Carbon ngumpule para oliya. · 10. Si kaki kaget miyarsa, ningali tan ana jalmi, ana swara tanpa rupa, ametuk ing karnaneki, si kaki emut ing gali, l~on waliyulla iku, sing Mesir tedhak saking Jawa, turun anak putu riabi, sigra kesa mantuk dhateng wesmanira. 11. Wus lepas Sek Dul Iman, kocapa_ Tuwan ~arip, angungsi tana Menganjang, Ki Sek Benting wastaneki, asal saking Majapait, Jakatarub wastanipun, ingkang sepa Brawijaya, Kudakenaka julukneki, panenga jujuluk Kudamisesa. 12. Waruju iku wanodya, Nyi K,aranglo wastaneki, putrane Brawijaya, putune Ki Damarsasi, buyute Ki Tunggulmanik, Jakatarub duk anglangut, mila tetapa ing Penganjang, duk guling wis pinanggi, winuruk kalima sadat. 13. Satanginira anendra, kalima sadat pinanggi, nuli sira anglelana, katilar kadangireki, sakali kadangireki, Kudamisesa pan anut, kandheg aneng Pasawahan, jujuluk Ki Gedhe Sabin, saujare kitab Babul Aksan. 14. Sab wali iku sesanga, sedaya anganggit-anggit, mulane ake carita, oliya para wali, sedaya anganggit gendhing, anglipur raganipun, sab wali tan kabagiyan, nganggit kitab Kurkan iki, amung nganggit suluk gendhing raganira. 58 25. KIN ANT HI 1. Gelise ingkang cinatur, Ki Tarub Banjaransari, babad alas Penganjang, mala garwa

widadari, pan gadha putra satunggal, istri wasta Nawangsasi. 2. Mapan sampun krama wau, putra saking Majapait, jujuluke Raden Bondhan, anut ming Ki Gedhe Sabin, tetapa aneng Penganjang, jumeneng nama Depisi. 3. Kang putra sampun kapongkur, kocapa Ki Tarub mangkin, duk tinilar ingkang putra, angali petapaneki, ing Ngubon l~ku tetapa, Ki Lungsu aneng Apiapi . . 4. Ukurane tapa iku, saking awit Apiapi, yen kerangkul kinen buka, mapan sampun den lampahi, cengenge mating Yang Sukma, kepengene dadi wali. 5. Wia antara laminipun, den lawani gagang aking, lamine sampun besar, sampun dadi Apiapi, samangke lagi buka, tumpenge sagi.Imuk cilik. · 6. Cewal-cewol pulukipun, Ki Taruban Jaransari, ora piduli ngeri nganan, tunggu nggenira bukti, Sek Sarip prapta ing wuntat, salame tan den piduli. 7. Sek Sarip amethik sampun, ing godhonge api-api, tur maca kalima sadat, api-api nulya dadi, binuwang tiba ing toya, dadi bebek anosori. 8. Tumpeng telas dikarubut, bebeke sampun ginitik, binabitaken ing toya, bebeke anuli mati, Ki Bungko eran ing mana, ing burine ana kaji. 9. Sek Sarip ngi!ndika arum, dening apa bebek mati, tan wande nemu siksa, nggitik bebek kongsi mati, ujarira tetapa, ngulati elmu kang yakti. 59 I r 10. Ujare pandhita' luhung, kon tetapa Ngapiapi, uripena be~ekingwang, den waluya karoneki, lamon sira ora bisa, ulatana Sunan Jati. 11. Ki Bungko saure sendhu, endi ana wong wis mati, kongsi bisa nguripena, isun wani angguroni, Sek Sarip maca sadat, bebeke urip maning. 12. · Ki Bungko emut ing kalbu, ya iku wirayat mami, kang aran kalima sadat, ya iku kang sun ulati, duk kalane isun nendra, den wuruk kalima kali. 13. Samengko nembe tinemu, Ki Bungko karsane ngabdi, Sek Sarip nulya ilang, mung asung suwara manis, lamon sira arep pinanggya, ngungsiya ing Puserbumi. 14. Ki Bungko kaget mangu, tetela suwaraneki, iya nyata waliyulla, gegantiye Kanjeng Nabi, Ki Bungko enggal tumedhak, ngilari Suhunan Jati. 15. Kasigeg Kiyai Tarub, kocapa Pangeran Tubin, kang tinilar jaba kutha, karsanira ayun wirid, ngilari agama mulya, guguru kalima kali. 16. Pegel linggi nulya bengkuk, sakejepan nora guling, anganti Ki Saripulla, ujare matur kiyai, umur sampun sangang wulan, sapungkure kutha jawi. 17. Milane ana Siti Wungkuk, sing ngriku asale

dhingin, labeteng Pangeran Tuban, duk lagi atapa lali, kocapa Sek Sarip prair ta, uluk salam nulya tangi. 18. Pangeran Tuban anubruk, Sek Sarip enggal nggujengi, mapan sampun sesalaman, pangeran taken sayakti, Sek Sarip matur wecana, inggi kula nama Sarip. 19. Ngilari punapa bagus, umatur Pangeran Tu bin, ayun guru agama, kang aran kalima kali, Sek Sarip aris ngandika, bangga yen isun muruki. 20. Lamon isun muruk elmu, kudu ngungsi pinggir kali, lan kemiri den gawaa, satus kangge angitungi, Pangeran Tuban sumangga, mangke kula nut burl. 60 '} /i 21. Wus lepas lampahe darung, wus prapta ing pinggir kali, sampe oli sangang dina, anjentµl ing pinggir kali, angantos Saripulla, gelise ingkang kinawi. 22. Winastanan kali Ciandul, sing kono asale dhingin, pangeran nulya tumingal, ningali ana keram bil, sigra den penek kelapa, karsa angulap-ulapi. 23. Kelapa dhoyong ing ranu, den penek ayun ngµlapi, satenga pan dereng mapa, ing pethik pan dereng dugi, kemiri kinandhut tiba, ambelurut tiba ing wari. 24. Dereng kangge itung-itung, kemiri kecemplung kali, pangeran gegetun ing mana, enggal anggebur ing kali, silem sajroning toya, kemiri dereng pinanggi. 25. Sedangunira silulup, kemiri dereng pinanggi, silulop sampun ngepag, toli kalie banjir, awor unthuk kali sungkra, pangeran kagawa banjir. 26. Silem kagawa banyu, saking derese kang wari, kentir tekeng samudra, silem sajroning wari, gelise ingkang carita, pangeran nulya ningali. 27. Aningali pulo murub, salebete ing jeladri, pulo Hening wastanira, pangeran enggal marani, wus prapta ing pakebonan, ningali Banjaransari. 28. Pepethetan sri anglangut, kembangane gedha wilis, lir pethe- . tah ing su warga, petapan ing pulo Hening, jujuluke sang pandhi ta, Ki Belakbak wastaneki. 26. B E LA KB A K 1 .. Pandhitane Kanjeng Gusti Nabi Kilit, wastane, kang tetapa pulo Hening, putrane, Kanjeng Gusti Sulaeman Nabi karihin, ujare. 2; Wus uninga Kanjeng Gusti Nabi Kilir, ming tamune, yen iku carate wali, dedalane, iya iku punutupe para wali, cature. 61 3. Sapraptane Pangera:ri Tuban sung bakti, ming sukune, pandhitane sampun nampani, ing sembahe, e bagea satriya kang nembe prapti, asale. 4. Lan . wong endi asale sira karihin, wani mrene, apa kang sira ulati, wani mrene, matur alon

Pangeran Tuban ariri, dhapure. 5. Angilari kaula ming guru jati, asale, sing Tuban putra bopati, dhingine, duk pinanggi kaula Ian Sunan Jati, samengkone. 6. Wus cinatur satingka polahe dhingin, caritane, pandhita mesem sademik, guyune, wus kawruhan tuture Pangeran T1;bin, cature. 7. Lamon sira arep tinemu Ian Sunan Jati, lakune, tapaa ming Diyeng dhingin, ujare, ya sing kono nggonira tetep pinanggi, bejane. 8. Matur nemba Pangeran Tuban duk pamit, lawan kiye, sun paring lading, gawene, tulisana ing bumi • tapak kang dadi, dadine. 9. Caritane kang lading iku dadi, ing dadine, aranana iku ringgit, pertandhane, lawan sira dadi panutuping wali, bakune. 10. Enggal nemba kang lading wus den tampani, Ian endonge, ami eyang ayun ngungsi, iya age, ya miyanga den ngati-ati, salungane. 11. Sampun lepas pangeran ngungsi ukir, caritane, gelise ing kang kinawi, satekane, ing Diyeng wus tapa lali, tangane. 12. Corat-caret tangane anulis bumi, dadine, sampun dadi ringgit wus den simpeni, ngendonge, iya iku pangawasaning lading, ringgite. 13. Sapepeke kandha carita kowari, dhingine, murub mancur cayane lir pandham sasi, semune, lading ilang katon wong tapa tali, semune. 14. lya iku ratune wong Budda dhingin, arane, Sang Konteya Dremakusuma sang aji, ingkang duwe, jimat layang Kalimusada dhingin, wastane. 15. Duk semana durung wasta Samiaji, bejane, Yudhisthira juju62 lukneki, wastane, sampun prapta Pangeran Tuban sung bakti, ming sukune. 16. Wus kacatur satingka polahe ringgit, kandhane, angandika pandhita Budda kowari, iya kiye, ingkang aran jimat Kalima kali, arane. 17. Tampanana sira sun paringi kaki, pusakane, Kanjeng Nabi isun milu agama suci, elmune. 18. Cinarita sekali wis padha ngaji, ujare, milanipun jujuluke Samiaji, cature, saking kono sami-sami padha ngaji, mulane. 19. Oli aran jujuluk Ki Samiaji, saking kono, lawan lokat jimate saking bethara, arane, iya iku mustika mulya linuwi, paringe. 20. Wus tinampa Pangeran Tuban sung bakti, ming sukune, Ian betha_ra ing benjang sampeyan ungsi, ming gununge, ingkang aran jujuluke Gunungjati, arane. 21. Matur inggi Sangyang Konteya sang aji, lamon katon, ana caya sesanga ing Gunungjati, rawuhe, yen wis pepek kumpule para bopati, besuke. 22.

Sampun pamit Pangeran Tuban lumaris, sing gununge, kawuwusa kocapa kang kinawi, caritane, para wali ing Bonang masang baris, sejane. 27. DURMA I. Aputusan Nata Brawijaya, putusan Terung dipati, sok sira miyanga, aturana Si Pata, sun arsa pasra negari, ming kakangira, Si Pata sun gawe aji. 2. Matur nemba dipati Terung sumangga, sigra kesa tumuli, wus lepas kang lampa, gelise kang carita, ing Bonang sampun prapti, mire wong seba, kaget sakeng para wali. 3. Sarni mire sakathahe mantri Bonang, ningali mantri kang 63 prapti, bopati Majalengka, dipati Terung seba, matur ngarsaneng wali, sang panembahan, bagea kang nembe prapti. · .4. Ana gawe apa sira Bratasuta, matur Usen dipati, inggi sang ubaya, kapotus ing bathara, ngaturi raka dipati, Rahaden Pata, katuraning rama aji. · 5. Raden Pata ature tan arsa .ingwang, tan anut ing Majapait, isun anut ing oliya, tumut agama mulya, balika wong Majapait, age kon agama, anuta ya maring mami. 6. Raden Usen kendel tan bisa ngucap, kondur.saking Madarsi, wus prapta ing jaba, karsane mantuk enggal, gelise ingkang kinawi, raden wis prapta, prapta ing Majapait. 7. Wus anemba ing ngarsane Brawijaya, kaget sang narpati, bagea mas putra? endi kakangira, age sun pasra ing negari, maring Si Pata, dipati matur aris. 8. Nuhun panembahan Brawijaya, atur duka narpati, prakawis kang putra, wau Raden Pata, tan kering ing Majapait, tan anut ing rama, anut agama nabi. 9. Mala sampun jumeneng.panunggul yudda, kering para bopati, sampun mesanggrahan, ing wana Bentara, miwa sakeng para wali, ponggawa Bonang, sami amasang baris. 10. Angandika Sang Nata Brawijaya, yen mangkono anak mami, sapa kang mapaga, wani musu Si Pata, dening iku putra mami, mangsa gelema, mantri ing Majapait. 11 . Cinarita tingtrim duk samana, miwa Ki Tunggulmanik, sareng Ki Paluamba, sedaya ing paseban, pepek andher para mantri, Ki Paluamba, nari Terung dipati. 12. E mas putra wani musu Si Pata, sumpasrahi Majapait, jumenenga nata, ngereya ing Majalengka, dipati Terung ngebakti, sumangga peja, nedha idine Gusti. 13. Cinarita wus den pasrahi gegaman, pusaka ing Majapait, suka para bopatya, miwa sakeng ponggawa, wus medal anata baris, umyang ing jaba, mawur surate narpati. 64 14, Ngaturi sagunge para

dipatya, Tuban Tegal Waleri, miwa Tumenggung Lumajang, miwp. Dipati Japan, sadaya ngaturi tulis, tan sanggup ayuda, tan arsa musu ing wali . 15. Mapan kula sadaya sampun agama, anut guru ing wali, balik wong Majalengka, age anuta agama, esak agamaning wali, yen peja benjang, oli manjing suwargi. 16. Dyan kroda Dipati Terung maludag, kaya metuwa geni, jaja winga, sigra nata ponggawi budhal, saking Majapait, ngungsi Bentara, prapta sakeng ponggawi. 17. Mesanggrahan barise soring arga, sasoring Sundari, jajar gunung Sundara, undhang baris Majalengka, wong cilik aris, ngiring sang nata, tan liyan negari. 18. Sarni anut bopati maring oliya, Tuban Tegal Waleri, Japan Pajang Balangbangan, tan anut ing Majalengka, _anut agamaning wali, ujaring kandha, mung saubing Majapait. .. 19. Balanira Dipati Terung wis pasang, um yang pa ting jalerit, wadya mung salaksa, sahubing negara, tan ana liyan negari, baris sedaya, sakuling Majapait. 20. Sumbar-sumbar wong Bonang metua yuda, payu tandhing jurit, sigegen sakali, kocapa bala Bonang, ingkang sampun masang baris, ing tegal Bentara, ake maju jurit. 21. Ametoni wau Rangga Kajenangan, mantrine mung sabi- . ting, sigra angrarap, wus kapapag kang yuda, wong Majapait nadhalii, wus tumbak tinumbak, ana kang bedhil binedhil. 22. Cinarita kasereg wong Kajenangan, pa,n sami ngungsi ukir, tan kuwat yuda, mangso wong Lumajang, sawiji tan kuwat jurit, sami lumajar, wong Majapait ngungsi. 23. Sarni dedel wong Tuban bala Lumajang, Japan Tegal Waleri, tan kuwat ayuda, miwa sakeng pangeran, tan ana kang wani jurit, para oliya, ing madarsa pancaniti. 24. Kakubengan sagunging para oliya, kasigeg kang mancaniti, mundur wong Majalengka, kocapa para oliya, agunem kang ning wengi, Rahaden Pata, nganti timbalaneki_. 65 25. Saking limut galihe para oliya, ramening ajurit, byar kemut- .an, katingal Raden Pata, kang ngawe Raden Dipati, thole mareka, sing endi tan katoli. 26. Matur nemba ing ngarsane oliya, boten kesa sing ngriki, ajri tan kajiyad, panembahan mojar, sok sira mangkata jurit, tulunga gesang, maring para bopati. 27. Matur nemba sumangga idine oliya, pasra ing Yang Widdi, iya sok mangkata, sun pasra ing Yang Sukma, ingkang murba bumi langit, sigra dangdan busana,

arsa miyos ing ngajurit. 28. Wus karasuk sakeng busana pawendra, sigra medafing jawi, umyanging kawula, surya rame pasar, sureming sangyang rawi, soroteng caya, lir kadi metu geni. 29. Surak umyang barisira bala Bonang, kumpul baris Waleri, Japan wong Lumajang, ambruk dadi satunggal, gunge bala sewu biting, umyang lir ombak, anempu ing pasisir. 30. Kang kocapa wong Majapait pasang, umyang pating jalerit, wadyabala mung sanambang, baris tumbak pedhang, ana kang ngagem jemparing, ana kulewang, tarung bedhil binedhil. 31. Wus kapereg wong Majapait dening wong Bonang, campu sili ungki, wadya sami ponggawa, ambruk bandayuda, sereg sinereg kang jurit, gebyag-ginebyag, kuwel banting-binanting. 3 2. Rame yuda wong cilik jengkang jinengkang, ana bithi-binithi, sawene ana kang mendhang, ana tumbak-tinumbak, burubinuri.I kang jurit, udag-udagan, ana kang tamsir-tinamsir. 33. , Wus kaseseg wong Majapait katunjang, wadya ake kang mati, baris namung salaksa, cacahe kawula, amungsu wong sabiting, kaula Bonang, wong Majapait agendri. 28. PANGK UR 1. Ana kang ngungsi ing marga, kang sawene ngungsi ing negari, apungan ing Gustini pun, sawene ana kang peja, kang sawene ana 66 matur Gustini pun, tan kuwat Gusti Yuda, wong Majapait ake kang mati. 2. Kaget dipati tumingal, yen barise sampun kalindhi, amburu Dipati Terung, sarwi nyangking curiga, wus den lingkab, si Gagak pucuke murub, anempu ponggawi Bonang, Dipati Terung den bruki. 3. Sinosog tur tinumbakan, tan busik dening jemparing, Dipati Terung wis limut, wong Bonang katha kang peja, sinudukan si Gagak pucuke murub, mencorong lir pandam, bala Ampel malayu Gusti. 4. Atur uning Raden Pata, nuhun Gusti kaula tan kuwat jurit, katha wadya ingkang lampus, peja ing payudan, datan kuwat nadhahi Dipati Terung, Bintara kaget miyarsa, mundura aja m!lu ju- . rit. 5. Baris padha mesanggrahan, keplokana yen isun maju jurit, tan wedi musu Si Terung, sigra mangso ing rana, wus alarap Bentara wus kapethuk, Dipati Terung krodha, Kakang Bentara sira iki. 6. Ginanjar apa ing oliya, wani sira musu wong Majapait, mapan iku wong tuwamu, milu wong tanpa kadang, lumu apa wong bagus ginawe satru, tur sira mangsa menanga, wani musu wong

Majapait. 7. Wong tuwa ginawe ala, oli dhengdha sira maring dewa luwi, cinandhak Bentara sampun, ical saking astanira, wus nguthe yang lumampa ing ngarsanipun, Usen candhaken ingwang, ayonana ing ngajurit. 8. Yen sira eman wong tuwa, guguruwa sarengating nabi, besuk oli suwargi agung, tur luput saking siksa, yen tan anut kasik.u sira ing besuk, tur siniksa ing jahanam, wong mukir agama nabi. 9. Icale ana garudha, ngawang-awang awor Ian mega puti, garudha anyamber sampun, taksaka nulya ilang, ana brama agenge timbang Ian gunung, brama ngudag garudha, ilang nulya udan angin. 10. Ilange sipat manusa, Raden Usen angunus wangkinganeki, 67 Si Gagak pucuke murub, mobyor lir pandam, sigra ngudag Den .Pata kebat lumay~, ajri ningali Si Gagak, malayu angungsi _ukir . . 11. Wus lepas angungsi Kumbang, mabur tanpa antara mung pitung sasi, gelise kang tapa . wau, wondening para oliy'a, kapalajar sangunge - kawula mantuk, angungsi Gelagasekar, sakeng oliya semedi. 29. DHANGDHANGGULA I. Kawuwusa kocapa ing ukir, arga Kum bang ·sanget nggennya brata, Den Pata musek dhirine, ing jro kalbu kang dinulu, katon sasmitaning Widdi, yen anaa akembar, sami rupanipun, kenyatahaning wong gesang, jaba jero ana bumi ana langit, katon dalu Ian siyang. 2. Kang kacipta tan liyan kekali, .nggi sajuga nedhi unggul yuda, Si Usen iku apese, laksana oli tudu, marmane Sang Maha Suci, suwara tan karuwan, gaib ing pandulu, he Pata yen arep mulya, ing pawendra ya ngungsiya ing Puserbumi, geguruwa Sunan Purba. 3. Antarane sampun pitung sasi, byang kemutan ujare sasmita, ora samar saciptane, gelise kandha iku, Raden Pata kesa tumuli, tumurun saking Kumbang, karsane guguru, wus lepas lampahira, ing marga kapethuk Ian kaki-kaki, Raden Pata tumingal. 4. Ing wewengkon tana Losari, duk pinanggi Den Pata amegat, medhek wau ing ngarsane, matur sabdanya arum, si kaki tuwa anjengking, miyarsa dharodhogan, teteken ing janggut, la sing sapa megat, angadhangi sira maring laku mami, apa sira arep begal. 5. Den Pata mature riri, tan bebegal akula ajeng tetanya, ing pundi negari Carbon, si kaki aris muwus, apa gawenira kaki, Rahaden Pata mojar, kaula ajeng geguru, agama oliya mulya, ajeng nuhun idin kyai pati, nanggel ambedha kutha. 6.

Sakeng wali datan kuwat jurit, sami kondur kapalayu ing yudda, kabranan wadyabalane, senapati ing hulun, kaula tan 68 kuwat jurit, si kaki paring enggal, wasiyat wus katur, jemparing wus tinampanan, wastanira si Hantu ilok memaling, ake wadya kang peja. 7. Iya isun iki Sunan Jati, kang ginuron sake para oliya, anut maring agamane, Raden Pata nemba sampun, nuhun idin kula Gusti, iya wis miyanga, pasraa ing Yang Agung, Sek Jati nulya ilang, Raden Pata balika angungsi baris, wus prapta ing Bentara. 8. Duk samana sepi ingkang jurit, baris Bonang miwa para oliya, semedi maring dhirine, nedha barka hulun, apese wong Majapait, Den Pata tumingal, malayoni gupu, praptane nyungkemi pada, Sek Mariya kaget ningali dipati, bagea sing ngendi nyawa. 9. Matur nemba ing sang mahayakti, kapalajar tan kuwat ayuda, ajri ningali dhuhunge, kentar ing ukir hulun, ing Kumbang kaula nyepi, antara pitung warsa, abdi angalangut, angsal sasmitaning dhewa, asung wangsit ken ngilari Sunan Jati, kinen guguru agama. I 0. Wus kacatur sacandraning kawi, kauningan Sek Ampel ngandika, bagja temen si thole, pinanggi Ian wong luhung, pinaringan apa sira kaki, Bentara sira mojar, den paringi si Hantu, Sek Ampel bunga kalintang, sok miyanga sira den ngati-ati, aja kapalang ing ngarsa. 11. Nuhun sumangga idin sang aji, sigra kesa Bentara anglarap, wong Bonang kering barise, surak amung gumuru, kering wadya sewu biting, sakeng bopati wetan, sedaya wus anut, ing wana Bentara prapta, mesanggrahan wus andher kang punang baris, lir gera suwaranira. 12. Kang kocapa baris Majapait, maksi gawang sahandhaping arga, Sundari ing gununge, mireng surak umyung, tata mali barisneki, dhadha baris salaksa, kaula lit agung, Dipati Terung ngandika, balaningwang isun arsa pesta dhingin, ngaturi leluhuringwang. 13. Cinarita ujareng kawi, Raden Usen pesta sabalanira, sukansukan sabature, sawuse pesta wau, angetoni ingajurit, masang pangrampogan, barise gumuru, pasang-pinasang kang bala, sesawatan mawur ba~dri Ian suligi, wus campu ing payudan. 69
14. Rame ing prang wortg cilik ajurit, tumbak pedhang ngadu kudanira, udag-udagan kudane, wong cilik prang ibur, wong Majapait kalindhi, katha wadya kaberanan, barise kapalayu, mala sampe surak gumeran, kang

kocapa Dipati Terung ningali, yen barise kapalajar. 15. ,Dyan krodda dipati ngetoni, tulung yuda nempu baris Bona~g, de? amuk bubar barise, si Gagak sampun murub, sapucukeng kensnek1, bala Ampel kabranan, katha ponggawi Iampus, Iumayu ngungsi bendara, katingalan Bentara ngetoni jurit, kepapag wus padha yudda. · 16. Praking yudda sami sili ungki, sakalihe angaben curiga, si Gagak apes yuddane, tan midada pucukipun, Bentara sampun kapisthi, binirat sampun tiba, angine anyambut, si Hantu sampun winengkang, sigra lepas Dipati Terung nadhahi, si Hantu nulya tiba. 17. Kawatgata aniba ing siti, wus kantaka Si Terup.g wus seda, Bentara gumuru barise, wong Majapait kondur, malayu angungsi gusti, tinutup lawang jaba, ing dalem wus rawu, Brawijaya wus sineba, ing mardarsa karawuhan Tunggulmanik, miwa Ki Paluamba. 30. SINOM 1. Wondening baia ing Bonang, atugur ing kutha jawi, miwa sakeng oliya, nganti medaleng bopati, taluk atawa bell, milane sami tugur, kocapa ing dalem pura, para mantri Majapait, atur duka bendune sang Brawijaya. 2. Perkawis atur uninga, abdi andika gusti, duk wau kaaben yuda, am usu ponggawi wali, tan kiyat tandhing jurit, abdine sami malayu, satilare putra nata, . Dipati Tetung wus mati, Brawijaya kaget wau manahira. 3. Ngungun saksana nata, adres waspanira mijil, sapa kang tak andelena, kang kinarya senapati, ajar Tungguhnanik angling, sampun karuna ki put\l, wus jangjining yang bethara karsane dewa kang luwi, amangsull Panembahan Paluamba. ' 70 4. Ngandika Gajamada, ujare pepakem dhingin, negara ing Majalengka, la yen sampun kocap wali, akire ing Majapait, kalindhi sarengatipun, dening sakeng ollya, kedaden pikir kang jati, aluk taluk atawa yen angiawana. 5. Ngandika pati Udara, wirang yan kuia agami, yen taluka ma:- ring boca, mapan iku putu mami, Brawijaya matur inggi, Ki Paiuamba wis sarembug, ragem tiyang titiga, sumangga angracut dhiri, wus rinacut sum ping ukiran jaima. 6. Ki ajar matek kaiima, ingkang aran aji sikir, sakecap nagara ilang, keracut sawadyaneki, muli ing kayanganeki, duk Iagi lepiyan wau, awor Ian setan Tunjungbang, nyiluman awor Ian belis, wus pinasthi karsane Yang Amurba. 7. Kocapa baris ing Bonang, atugur ing kutha jawi, geger'Sakeng kawula, ningali negara sepi,

umyang sakehe bopati, wus katur ing gustinipun, kaget sakeng para ollya, wus pasthi karsaneng Widdi, Brawijaya lumu yen agama. . 8. Gellse ingkang carita, rempuge ing para wali, sumangga caos ing oliya, angungsi ing Puserbumi, sigra budhal tumuli, sawadya umyang gumuru, wus lepas lampahira, ing Carbon sampun dugi, kang kocapa Kangjeng Gusti Sunan Purba. 9. Sineba ing para umat, pan lagi muruk elmi, sakeng gegedhen bengat, sadaya winuruk elmi, andher ing dalem purl, kocapa kang Iagi rawu, uluk salam sinauran, wus tata sami linggi, para ollya sarta para pangeran. 10. Pepek andher ing paseban, sakathahing para wall, pan sami amupakatan, angurus agama nabi, pan rempug dadi sawiji, gelise ingkang cinatur, Sek Ampel aris ngandika, amit kula ngaturi uning, duking wau kaula gadha ubaya. 1 L Duk dereng bedha negara, kaula gadha perjangji, singa kang kuwat yudda, punika jumeneng aji, samangke pun Majapait, ical sakukubonipun, Si.Pata kang mental yudda, katur karsaneng yayi, ngandika Pangeran Hidayatulla. 12. Ngandika Suhunan Purba, Si Pata jumeneng aji, ngereha ing tana Jawa, wenang marenta bopati, para mantri saur paksi, den Pa71 ta jumeneng prabu, · wus jumeneng Sultan Demak, Sek Sarip ngaturi putri, putranira Nyi Mas Ratu Pulunggana. 13. Gelise ingkang carita, wus ningka raden dipati, tinundhung ning para oliya, kinen nunggu negari, raden wus asung bakti, nuhun am~t karsaneng guru, sigra budhal samadya, wus lepas datan kaw~, kang kocapa ing Dhieng kang lagi tapa. _ 14. Pira lamine tetapa, antarane sangan sasi, samangke pan sampun buka, karsanira angayoni, maring oliya sejati, sigra tumurun sing gunung, jimat sedaya binakta, sing Dhieng kalima tokid, sampunlepas kocapa para oliya. · • 15.. Karsanira kesa Demak, pan ayun damel masigit, ekare mundhut sing Mekka, sakathahe para wall, sampun kesa tumuli, sakedhap netra wus rawu, kocapa kang lagi prapta, sing Dhieng Pangeran Tubin, dahulos tamune prapta. 16. Uluk salam sinauran, satunggal tan anajalmi, lagi sepi kang paseban, tan wonten tiyang setunggil, pangeran nulya noli, kaget sajroning kalbu, dening nora nana jalma, nanging ana kang mangsuli, Babudhampul sigra buka jendhela. 17. Sin ten tiyang kang prapta, malihe tiyang sirig pundi, umatur

kula wong wetan, kaula saking Tubin, kaula. ajeng ngabdi,geguru sarengat rasul, Babudhampul wecana, majikane lagi sepi, nembe los kesa ing Demak. 18. Wus tinutup kang jendhela, kantun pangeran ing jawi, ·kersane kesa enggal, null mireng suwara manis, e tuwan yen ajeng pinanggi, ngantiya tuwan ing ngriku, tan lami kaula prapta, pangeran kaget tan angling, endi baya ana suwara tanpa rupa. 19. Pangeran linggi pasebani)•tanpa rowang kali dhiri, enggal korsi kenap, angaturi salamneki, pangeran sampun malesi, gegetun ing nalanipun, iki korsi kenap, pangucape kadi jalmi, nunten teko ngancuri sumangga tuwan. ;29. . Kang teko ngancuri toya, sumangga nginuma gusti, pangeran . l(aget tumingal, eran temen isun ningali, pangeran · kabita ngati, enggal cangkire sinambut, karsane anginum toya, ing lam he · pan durung dugi, angandika kang_ cangkir he mangke tuwan. 72 21. Sampun gugup nginum toya, jenenging pandhita luwi, sumentana temen tuwan, ngantiya guntinereki, tan dangu sakedhap rn.ali, pangeran kaduhung kalbu, dening cangkir bisa ngucap, korsi kenap bisa angling, manda dene luwihe kang duwe ika. 22. Sumaur tan katingal, mendene ta sira iki, arsa ngayoni inaring ingwang, duk tumurun sing Dhieng dhingin, arsa ngayoni mami, Pangeran Tuban tumungkul, tan oba sing palinggiyan, antarane sangang latri, kang kocapa rawuhe para oliya. 31. ASMARANDANA 1. Sing Mekka pan lagi prapti, wus male bet ing paseba, awor Ian angin tekane, sela mukadas binakta, kalayan ekar sing Mekka, karSfine adamel tajug, masigit agung pubika. ~ 2. Kocapa Pangeran Tubin, alinggi aneng paseban, kaget tumingal rawuhe, ajibeg aneng paseban, sakeng para oliya, Pangeran Tuban anubruk, karsane ngebakti sira. 3. Sek Sarip sampun nginggati, rinangkul Pangeran Tuban, sarta ambung-ambungan pipine, gebyag-ginebyak asta, anembung sosongaran, dening am~ebodho wau, karsane muruk agama. 4. Sek Sarip ngandika aris, tan mbebodho kula kakang, aga tudu yaktine, ujare yen arep mulya, dadi panutupeng oliya, Pangeran Tuban kalangkung, wus pepek para oliya. ,_ 5. '·Gelise ingkang kinawi, karsaneng Pangeran Tu ban, anyaosaken kitabe, Sek Sarip · tampi enggal, binuka ungele kitab, lapale kalima iku, rujuk Ian wuruke Mukammad. 6. Ungele kang punang tulis,

cocoge elmu agama, tunggal kalima sadate, pangeran ngaturi surat, Sek Sarip tampa enggal, binuka tulisanipun, kosong mung papat kewala. 7. Tan kangge kitab puniki, kosong tan ana tulisnya, tan sinung weru tulise, amung Pangeran Nurkamal, kang weru gambar lepiyan, ucape kitab puniku, ya iku pangkate oliya. 8. Ngandika Sek Gunungjati, sumangga angistrenana, pangkate 73 ing para katong, sumangga para oliya, nanjung para suhunan, Pangeran Tuban maca sampun, pangkate gambar lepiyan. 9. Ungele ingkang tulis, Sek Sarip jumeneng sultan, Kanjeng Sinuhun Carbon, wondening Sek Giriliman, nama Sultan Girigaja, Sek Kamrulla puniku, nama Kanjeng Sunan Bonang. 10. Wondening Ki Cakrabumi, jumeneng Sunan Jelang, Sek Benting iku namane, Suhunan Bentong punika, Sek Kambangan namanira, jumeneng Sunan Kudus, Pangeran Kendhal kasebat. 11. Kaetang jumeneng wali, Pangeran ing Karangkendhal, jujuluk Sunan Kedhaton, Pangeran Panjunan kocap, jumeneIJg Sasmita, Kajoran Sunan Kejamus, iya Pangeran Kejaksan. 12. Panutupeng nama wall, Suhunan ing Kalijaga, Suhurtan Adi arane, telas tullsanirig papan, sedaya sami bunga, mung kantun Pangeran Makdum, tan angsal pangkat suhunan. 13. Sawise nanjung para wall, damel pasareyan bangsal, paling giyaneng katong, rineka ing para oliya, · angedalaken kawignyan, abang kuning ijo dhadhu, cayane para oliya. 14. Surem ingkang sangyangrawi, kacoro dening caya, sampe terus tekang Dhieng, Sangyang Konteya tumingal, kemutan ing jangjinira, yen ana caya kadulu, sesanga den gasik tuwan. 15. Sangyang Konteya kesa glis, sakedhap tumulya prapta, wus pinanggi lawan katong, karsane para oliya, sedaya asung semba, Sangyang Konteya tan purun, sinemba ing para sunan. 16. Ucape kandha puniki, carita sing Babul Aksan, Sangyang Konteya wis bongkok, pan sampun anut agama, maring sake para oliya, cinarita laminipun, sawarsa nulya seda. 17. Sing kono pangkateng wall, duk gawe candhi asrama, ake rencananing katong, Sangyang Konteya wus sirna, kinubur ing Jatimulya, ujareng kandha puniku, kaula darma nurat. 18. Para wali damel candhi, angedalaken kawignyan, anyipta kutha batane, lanjak-lunjuk wis dadya, enda ing warnanira, kocapa bale jajar wau, sa!r4nge jin kang mbakta . . 19. Wus tetep kamitaneki,

patangpulu samban wulan, tan kena 74 cowong sawengine, sigegen kang wangun kutha, kocapa santrining sultan, wus lami gugurunipun, tigang warsi laminira. 32. SINOM 1. Sigegen ingkang kocapa,Ki Gedheng Palumbonwirid, sampun lambat nggennya bengat, karsane pan ayun balik, sampun angsal tigang warsi, nggone guguru elmu, winuruk kalima sadat, tan wonten liyane mali, nedha balik Ki Gedheng Palumbon enggal. 2. Ing margi pan kepapagan, kali Ki Gedhen~ Kemuning: sampun uluk salam semba, pan sami riren ing mar~, bagea yay1, arek kesa pun di dulur, mangsuli Kyai Kuningan, aJeng guru ka Sunan Jati, Gedheng Palumbon sampun guru ming oliya. , 3. Balik ngulatana liyan, mangsa kurangan kiyai, ijab p~a lawas kula, guru ming Sunan Jati, sampun angsal . tigang wars1, d~tan wonten kang winuruk, eunteu aya elmu liyan, mung sadat kalima kall, pake naon guguru kalima sadat. - 4. Sadat geus bisa sorangan, adan kamat jeung takbir, m~ngsuli Kiyai Kuningan, kajeun hayang nyaho kami, aya guru ka wall, dhaek sambang ka kanjeng sinuhun, geus loi_np~ng ungkur-~~gkuran, geus lompang laku luwi, pan lumampa kali K1 Gedhe Pam1Jahan. 5. Sigegen ingkang kocapa, Kanjeng Gusti Sunan J ati, si~eg m~- ruki sadat, dhateng santri muridneki, sakathahe para santn, tan liyan ingkang winuruk, amung sajatineng sadat, pekuku gangsal parkawis, sadat salawat jakat pitra Ian puasa. 6. Sampun winuruk sedaya, Ki Jopak Ki Kallwedhi, mi~a Ki Gedheng Babadan, Ki Bungko miwaKi Judi, Ki Ge~ang lanK1Pen: jalin, wis katam Ki Gedheng Mundhu, miwa_ Ky~ Wanasaba, K1 Jungjang Ki Kalijati, kang kocapa rawuhe Kyai Kurungan. 7. Sareng kall l\.i Pamijahan, pan sami geguru elmi, kaweja~g k~- lima sadat, dhateng Gusti Sunan Jati, pikuku gangsal parkaw1s, ~1- nuruk kasdu takrul, miwa ingkang satariya, naksibandiya kawaris, tutas kabe tarek Mu~amadiya. 75 8. Gelise ingkang carita, Ki Gedheng Kuningan balik, pan sampun prapta ing wesma, wus pethuk Ian putraneki, he putranisuri Kemuning, den bisa ngawuleng ratu, si bapa lawas gesang, tan kuwat tetunggu urip, la kariya Ki Gedheng Kuningan seda. 9. Wus mantuk ing ajalulla, Ki Gedheng Kuningan lali, kantun Pangeran Kuningan, Pangeran Arya Kemuning, amung gegetun ing mana, kang rama

layone abu, sabedhug gedhene bathang, merkangkang nggegilani, wus kasuhur Ki Gedheng Palumbon miyarsa. 10. Enggal kesa ning Kuningan, lelawad ningali mayid, wus prapta dalem Kuningan, gupu kang putra nyungkemi, dening apa Arya Kemuning, layone bapakmu mambu, ora ngandel ujaringwang, bangi yen sun tuturi,iya iku oliye guguru oliya. 11. Nunten wonten titiyang prapta, wastane Ki Santri . Kami!, dhateng Pangeran Kuningan, kiyai tiyang sing pundi, mangsuli kiyai santri, kaula santr,i sing Gebang wau, santrine, Kangjeng Sunan Purba, tilik dulur tunggal ngabdi, amangsuli Pangeran Arya Kuningan. 12. Yen tetep mana sampeyan, sucekena bapa mami, ki santri matur sumangga, ing pundi nggo nuceni, mayid wus binakta miji., ingedusan para kaum, saya gedhe abunira, ambune arum abacin, . riyak Ki Gedhe Palumbon muta. 13. Medheki santri ngandika, amit kaula ningali, ajeng tumut nyiram badan, mire sakeng para kiyai, Ki Gedheng Palumbon angling, wong saking ngendi sireku, asal kula saking Gebang, santrine Sek Gunungjati, kang jumeneng oliya Sunan Purba. 14. Mayit mambu wis kasiram, ngilesi dadi sapi{ik, amis bacin sampun ilang, timbul dadi rum awangi, Ki Gedhe P,ilumbon mundelik, kami tenggengen ing kalbu, wus binungkus sinalatan, ginotong kang punang kathil, wus pinendhem ing kukubon Kuningan. 15. Bubar wong tilik seluran, Ki Gedheng Palumbon balik, ajeng guru ning oliya, dhateng Gusti Sunan J ati, wus prapta ngarsane gusti, angandika Jeng Sinuhun, arep apa maning sira, Ki Gedheng Palumbong angling, nuhun guru mali dhateng panduka. 16. Angandika K0 anjeng Sunan Purba, pinasthi karsaneng Widdi, 76 sira kudu ngelakonana, petang bidengan dadi tabin, ngungsiya ing Wanagiri, munggaha ing gunung Cigugur, KiAgeng Palumbon kesa, wis lepas lampahireki, wus jumeneng Kiyai Cigugur sira, 17. Sigegen ingkang kocapa, wonten pawestri linu~i, nengge p~- tri Panguragan, tan purun tinari krami, katha bopatl kang pr~pb: anglamar dhateng sang ayu, sanunggal boten ditampa, nulya bopab barisi, bentengane ngara-ara kebekan. 18. Nulya sakeng para pangeran, miwa sakeng para bo~ati, kalenglengan ing sang rara, mapan lali dhahar _guling, ayu kurung san~ putri, katingal siyang lan dalu, amung putn ~anguragan,

kang dad1 paraning ati, para gegedhen pangeran akanth1 raga. 33. KIN ANT HI i. Kocapa ingkang pitekur, Ki Ageng ing Selawilis, pinarek dening kang putra, Ratu Emas Gandasari, ngandika Ki Selapandhan, linggiya Nyi Gandasari. 2. Sang rara nemba umatur, punapa karsa kiyai, andherek sakersa tuwan, kang putra darma nglampahi, ngandika Ki Selapandhan, · bayi sira age laki. 3. Pilihana para tumenggung, atawa para bopati, miwa sakeng para pangeran, kang sami-ngalamar sireki, matur Ratna Panguragan, purun rama kula laki. 4~-. Sinten kang nyangga prang pupu, atawi nyandhak ming ~ami, pinasthi jodho kaula, ngandika Ki Selaw.ilis, emban metua mg jaba, matura ing para bopati. 5. Ngadega sembara sang ayu, nyi em ban wis matur ing ~usti, ngandika Nyi Panguragan, toli priye Nyi Bontit, gegedhen w1s pasang yuda, ngantos medale sang putri. 6. Miyos sang retna ning ngayun, ginarebeg ing para cethi, b~le bucu wungkul wandhan, si cebol miwa si bontit, wus medal smg pambarisan, cingak sakeng bopati. 7. Ki Gedhe Plered amburu, anyandhak anyerod wani, me ka77 candhak Nyi Panguragan, kebat nggenira nginggati, melesat ing awang-awang, anjo anggebyag wani. 8. Ki Ageng pan niba sampun, gumuling anang siti, tangine brangta puyengan, tan ana ingkang kaesthi, amung putri Panguragan, kang dadi lenglenging ati. 9. Kayu manis si Dramayu; embu-embu awak mami, suku tindak kanang ngarsa, ngarep-arep sang putri, sekar bobot pinggir marga, wong ayu amitambuhi. 10. Ki Gedhe Ge bang andulu, yen Ki Palered wis lali, enggal medal sembara, amburu dhateng sang putri, Nyi Ageng ing Pangu:ra~ gan, kebat nggenira nginggati. 11. Nyi Ageng anggebyag sampun, Ki Gedhe tiba ing siti, tangine brangta puyengan, kaya tan nembe ningali, sesambat Nyi Pangurarum, tambanana sakit mami. 12. Kembang bonyo karang suwung, aja ilok anyjdrani, kembang ireng ing astana, tutugena welas asi, bokor bang saking Panjunan, bonggane kang yemoni. 13. Sakeng gegedhen pan umung, lali jiwa raganeki, kasmaran Nyi Panguragan, kang dadi laraning ati, Ki Ageng ing Pakandhangan, anubruk anyerod wani. 14. Amburu Ki Andhanggaru, saparan-paran lumaris, sampe gelunge lukar, sekar tiba ing Wanasari, kadhepok-dhepok ing Tela, Ki Ageng kasrimpet pari.

15. Ngandika Ki Andhanggaru, e sanak putu mami, aja nandur pari abang, miwa ketan ireng kaki, nandurmaning yen kenaan,'rerawat pan nora keni. 16. Dhapure ana Wanasantun, dening alas mambu wangi, sabab katibanan kembang, sekare Nyi Gandasari, bagja kang katibanan kembang, saturun-turune becik. 17. Kasigeg Ki Andhanggaru, adhu9:htiku ing Wanasari, kocapa satriya Esam, Pangeran Magelung sakti, saumurira gesang, remane tan kena den kuris. 18. Pan remane ginelung, pan kongsi kengser ing siti, pan sampun 78 -amireng warta, yen wonten satriya luwi, ing Carbon ana oliya, nama Gusti Sunan J ati. 19. Sakedhap pan enggal rawu, ing Karanggetas pinanggi, kali kaki-kaki tuwa, Pangeran Magelung angling, kaki mandhega sadhela, kaula ajeng taken sayakti. 20. Nagari punapa puniku, mangsuli Ki Tuwan Sarip, puniki Carbon negara, Pangeran Magelung angling, ing pundi daleme tuwan, mangsuli Ki Sunan Jati. 21. Taksi teba dalemipun, ing kilen dalemneki, Panguragan kang negara, ing ngriku dalemneki, Ian kula nembe tumingal, rema kados puniki. 22. Dening wau rebedipun, panjange rema puniki, tan jamak Ian manusa, ami kaula ningali, mungkur Pangeran Aca Saka, wus ginunting Ian dariji. • 23 . Wus tugel rema anglumpruk, pangeran tumingal · ning burl, kang nugel wis ora nana, tan karuwan losneki, kaget pangeran ing mana, baya iki jalma luwi. 24. Iya iku kang sun ruru, ing ngendi nggonisun ngulati, ya iku panedhaningwang, sun ulati siyang latri, malesat ngamba gegana, mangilen kang den ungsi. 25 . Angrungu suwara gumuru, barise para bopati, pangeran Magelung tedhak, mudhun sing gegana wiyati, wus prapta sira dharatan, kapanggi Ian Nyi Bontit. 26. Angandika Pangeran Magelung, wong apa puniki nyai, umatur sira nyi emban, sembarane nini putri, Panguragan kang negara, singa kang bisa nyimaki. 27. Sinten kang wani prang pupu, nyimaki Nyi Gandasari, pinasthi jodhone ika, Pangeran Magelung angling, matura emban den enggal, isun kang wani ngayoni. 28. Matura emban ing ratu, yen · ana satriya prapti, sinatriya saking Ngesam, pangeran ara ngayoni, prajurit tanpa tandhingan, matura emban den gelis. 29. Kesa nyi em ban sampun, wus prapta matur ing gusti, angan79 dika Nyi Panguragan, ~na apa Nini Bontit, matur nyi em ban wilajar, matur sambi

bibisik. 30. Punika wonten titiyang bagus, prawira semune singit, sejane tumut sembara, ngayoni dhateng sang putri, prajurit saking Esam, wast.«ne Magelung sakti. 31. Kariya emban sun metu, tak papag nggening ajurit, wus medal Nyi Panguragan, lampahe lir _lintang ngali, comlorot ning awang-awang, Pangeran Magelung noli. 3 2. Tumingal Pangeran Magelung, yen ana caya dumeling, enggal nulya pinaranan, wus tarung tingalireki~ mesem Ratna Panguragan, Pangeran Magelung lai. 33. Amburn Pangeran Magelung, anyandhal< anyerod wani, me kacandhak Panguragan, kebat d~nira nginggati, umpetan sita ing s~kar, awor ganqa rum awangi~ 34. Kumbang angisep sampun, Nyi Gandasari , amijil, wus ilang dadi tetegal, anegal jambune dadi, uwohe amung satunggal, gedhene ana sakendhi. 35. Pangeran wus dadi manuk, mapan dadi manuk cici,- amencok ing jambu ika, cinucukan datan keni, pan ilang wus dadi tegal, ana geni murub dadi. 36; Pangeran ngawe mega mendhung, dadi udan awor angin, sirep genine ika, timbul dad.i Nagagini, pangeran pan dadi garudha, cucuke wesi pulasani. 37. · Sinamber naga sampun, · musna ula Nagagini, awang-awang awor Ian mega, pangeran wus dadi angin, ewu pikir Panguragan, ming ngendi nggenisun ngungsi. 38. Sigegen ingkang winuwus, kang lagi brangta yuda ki, kocapa Sunan Purba, mangu-mangu pintu jawi, Nyi Ageng ning Panguragan, umpetan dlamakan sikil. 34. DHANGDHANGGULA 1. Wus umpetan ning dlamakan sikil, wau sira Ratna Pangura80 gan, wus uninga Sunan Jatos, eca sidhak.ep ing pin tu, wau Kanjeng [:unan Jati, manglong-manglong anang lawang, Pangeran Magelung rawu, sapa iki tunggu lawang, anyingkira aja sira angadhangi, la sira age nyingkira. 2. Angandika Kanjeng Sunan Jati, apa nyingkir-nyingkiraken ingwang, la · arep apa gawene, matur Pangeran Magelung, angulati buron mami, ora ana kidang menjangan, bantheng sapi senuk,·Pangeran Magelung ngandika, dudu kidang menjangan bantheng sapi, buron putri Panguragan. 3. Ajeng kesa wau Sunan J ati, ginujengan wau tekenira, sang putri ngali genahe, ngandika Pangeran Magelung, amit tuwan ajeng uning, · punika sabuk sampeyan, kaula ajeng ndulu, langkung sae punika , ing sabrang tan ana nyimaki, kathik kang kados punika. 4. Wus

cinandhak wau ingkang benting, enggal kesa Ratna Panguragan, pan sampun ngali genahe, manjing ali-ali wau, sampun den uncali ingkang benting, wus tan remen punika, remen lepen puniku, amit kaula tuwan, kaula jeng ningali ali-ali, lelepen kang warni punika. 5. Dangu ngarebat Pangeran Magelung wani, putri medal Ratna Panguragan, apungan Sunan Jatos, metu ngarep medal ing pungkur, udag-udagan nganan ngeri, cinawel-cawel tan kena, asta ngungkuli sinuhun, anglumpruk lumpu pangeran, neng ngarepan ngandika Sunan J ati, kapriyen karepira. 6., Matur nemba Pangeran Magelung aris, atur duka nedha pangapura·,· muga wonten wilasane, mung kula nuhun puniku, panggihena jodho mami, Ian Nyi Panguragan, ngandika sinuhun, la kapriye Panguragan,awakira den tari sira krami, matur putri Panguragan . . 7. Nuhun tuwan Panembahan Gusti, tan boronga sakarsa sampeyan, darma ngelampahi bae, amung kaula nuhun, sapuniki boten kula lampahi, benjang ning dahuru jaman, inggi kula aku, la kapriyen Magelung sira, nuhun sumangga amung kula nedha saksi, enggal sunan putusan. 8. Angandika Kanjeng Sunan J ati, aputusan maring panakawan, kang aran Kiyai Bungko, lungaa sira den gupu, timbalanan kuwu 81 aglisJ miwa juru iman, kesa -Ki Bungko sampun, wus prapta desa Batembat, wus pinanggya lebe kuwu denaturi, wus kesa iring-iringan. 9. Sampun prapta ngarsane Jeng Gusti, wus anemba ing pada suhunan, katrima ing panembahe, he sira lebe kuwu, saksenana putra Ian putri, benjang dahuru jaman, pinanggi Ian kakung, lebe kuwu matur sumangga, wus kajiyad .ing benjang kinarya saksi, Magelung Ian Panguragan. 10. Wus pinasthi karsane Yang Widdi, pan sinaksen putri Panguragan, miwa lebe Ian kuwune, miwa Pangeran Magelung, datan katingal ing janmi, duk lagi semana, ajaga ing Ujung, Jeneng Dipati J ongkara, apan dening lebe kuwu dadi saksi, dadi bantherw Ian menjangan. 11.-· Ana dening Panguragan iki, katha-katha panggenanira, ing pulo Kuntul genahe, miwa bangsal Karangsuwung, yen mangilen Ujungori, mangkana ujareng kandha, sejara ing Babul, wondening pulo Kuntul ika, sama dening pulo Kancana puniki, iya tunggal pulo Karas, 12. Wus kasigeg tan kocap ing tulis, kang kocapa sakeng wali sesanga, ingkang

wonten kedathon, gumera ning dalem agung, sakathahing para wall, pan sami micara, sarengate rasul, sakathahe para oiiya:, mupakatan micara usul Ian peki, Ian kitab Pakulwahab. 13. Pan gumeran sakeng para wali, amicara sakeng para pangeran, pan tan busuk atine, barungan dalem agung, tetembungan para wall, tigapar · selawatan, tur sambi gumuyu, Sunan Kali suka ing tyas, Sunari Bonang gemuyu Ian Sunan Giri, SunanKudus _ palante la~. 14. Kang kagugu dening Sunan Kali, panggojakan bisa gawe lelewa, ngangge tambal rasukane, gembunge mumbul-mumbul, Sunan J ati kang disengi, kinarya panggoitjakan, tan owa jro kalbu, sabarang lakuning oliya dadi lakuning wali, seja nembang menggalang. 35. MENGGALANG 1. Sampun gemu kang negari, Kanjeng Sul_tan Carbon, narisil 82 ------~- -----·~ - - -- ------- --------- --------- --- -~ lawan imane, raja Kabibul Amari, kalijeneng Sultan Jati, wus nanjung sinuhun. 2. Kang sasmita kawentar negari, gemu negari Carbon, dadi tiyang alit pangungsene, miwa sakeng kang binukti, Ian ratune adil, dados kang tinandur. 3. Kawuwusa kanjeng Sunan Jati, kocapa sang katong, Ratu Galu · sineba ing mbane, Celengigel sami linggi, Sangyang Gempol prapti, Sangyang Sutem rawu. 4. Andher seba para wewasi, Dalem Kiban caos, miwa Dalem Ciomas rencangen, ing pancaniti nggonireki, ngantos timbalarte gusti, prabu Raja Galu. 5. Sam pun lengga sang nata ing korsi, sineba sang katong, arum manis pangucape, katur bagea para wewasi, sangyang Cele1t ahurang, t;m trima Ratu Galu. " 6. Angandika Ratu Galu ariri, isun angrungu wartos, ratu luwi dijayane, tinalukan sakeng wall, nama sunan Jati, anang gunung Sembung. 7. Matur inggi sayaktine gusti, mala Kuwu Kebon, datan won ten sesebane, sampun anut Sunan Jati, mila tan pajeg terasi, sujud ming sinuhun. 8. Wus jumeneng ratu Sunan Jati, negarane ning Carbon, wus idhep ing kawulane, Ki Kuwu Sangkan damohi, wis taluk maring wall, sujud ming sinuhun. 9 .Lan mall srengat den salini, srengat nabi kaot, sadat lawan siyame, jakat pitra mungga kaji, amuji Jeng Nabr, Kangjeng Nabi Rasul. 10. Sakeng sangyang yen uga saiki, tan tarima katengong, dening · wani-wani salini srengate, wong kuna-kuna karihin, nadyan bisa ngiser bu~, tan wedi sinuhun. 11. . Undhangana sakeng para

mantri, kon siyaga Gem pol, konen pepek wadya balane, gandri tulup Ian suligi, pati Gempol mijil, pethuk lantumenggung. 12. Kaebekan sakeng para bopati, ngantos timbal katong, Daleip. 83 Kiban kumpula sabalane, miwa Dalem Ciamis, miyang Kiyai Limundhing, Suradipa ngayun. · 13. Matur nemba sambri linggi korsi, jajar para katong, kadospundi tumbalane, Sangyang Gempol mangsuli, tmbalane gusti, prabu Raja Galu. 14. Kon siyaga sakeng para dipati, gegaman pepekake, miwa sakeng balane, aken kesa majurit, Dalem Kiban angling, gumer para tumen.ggung. 15. Bubarena pati sakeng mantri, mangkata dina mangko, enggal mepeg gegamane, miwa Kiyai Limundhing, bala kumpul ing jawi, budhal wong Raja Galu. 16. Kon siyaga sakeng para mantri, miwa para katong, miwa sakeng balane, kesa lurug ming negari, ing Carbon gusti, ken ngrusak sinuhun. 17. Dal em Kiban matur sarta angling; kapan kesa ing Carbon, Dalem · Kiban kula nggel ing bedhahe, Dipati Ciamis angling, akonen ing jurit, tandhing Ian sinuhun. 36. SINO M 1. Ratu Galu angandika, pati bubara saiki, Dipati Kiban sumangga, miwa Dipati Ciamis, Dipati Gempol lumaris, bubar wadyabala Galu, pati Palimanan kesa, kinarya titindhi jurit, ajujuluk Ki Mas Pati Suradipa. 2. Gumredeg kawula bala, angiring B~i Limundhing, Ki Ngabei Dipasara, kinarya kumendhaneki, tan pisa tiyang kekali, pa~i Suradipa ngayun, ingekar kawula bala, miwa sakeng para gush, pan gµmera nabu kendhang gong wurahan. 3. Niti gaja Dalem Kiban, linaraban sutra kuning, sinongket ~inunang-kunang, gelang gongsor anting-anting, supit urang angrawit kilat bau ular-ular sabuk, alidha tunangga, niti kuda ki dipati, ' Ki Dipati Dalem Ciamis anglarap. 84 4. Sangyang Celeng ing awang-awang, sambung koilca tiyang kekali, lir penda andaru liwat, cumalorot ing wiyati, andherek dhateng kang gusti, tan prabu Ratu Galu, Sangyang Sutem ngiring bala, silam-siluman aris, sarwi karya pamondhokan soring arga. 5. Sigegen ing pasanggrahan, kocapa Arya Kemuning, sampun · lambat datan seba, dhateng gusti Sunan Jati, Warawaru patit}eki, arsa medhek gusti sinuhun, he mas pati Waruangga, undhangena sakeng mantri, isun arep kesa ing Sunan Purba. 6. Pangeran Arya Kuningan, ambakta seba ing gusti, sakalangkung

onengira, katingal siyang Ian latri, karsane age pinanggi, kali Kanjeng Sinuhun, Panembahan Sunan Purba, age isun arep ngabdi, malek mandar ingapura dosa amba. 7. Anggasura enggal medal, natakaken para mantri, gegotongan papikulan, sangune tiyang seba ing gusti, sangu bera~ kali roti, miwa setrup kali anggur, bubar sakeng wadyabala, .s.umelur ponggawa alit, niti kuda Pangeran Arya Kuningan. 8. Niti kuda pinayungan, linaraban sutra wills, cineplok kinunang-kunang, apus buntute rinujit, sanggawedhi ingukir, wastane kuda si Windu, gumebyar kundhali perak, saimbang lampahe ring,f: git, wus lumampa kadi peksi dhangdhang. 37. DHANGDHANGGULA I > . Surak umyang kendhang gong beri, awurahan bubar sakeng wadya, sasiringe miyang kabe, lampahe dulur selur, kadi ombakeng jeladri, anempu wana pringga, kang katrajang gempur, binabadan wana padhang, kadi marga angancik Selangon . ukir, Kebon Sindhang wus kalintang. 2. Dadya ngilen lampahireki, wadyabala wau ing Kuningan, ambeneri Pondhokkempol, a:ngrungu syaraneng tambur, kali surak awor Ian bedhil, keplok kinarya senggak. binarung Ian tambur, kan.:. dheg wadya ing Kuningan, angandika Pangeran Arya ·Kemuning, Anggasura abanen~ apa. 85 · 3. Duka gusti amidhenget warti, tan uninga pati Anggasura, coba _prikasanen yaktine, nggawaa wong rong pulu, tetakona ning wong baris, ponggawane sapa, takona sirengku, kesa pati Anggasura, sampun prapta enggal takon ing wong baris, nauri Ki Suradipa. 4. Suradipa enggal anyauri, katambuhan isun wong Palimanan Raja Galu keratone, seja lurug ning sinuhun, gawe onar ning nega~ ri, wani busrak sarengat, lakune wong luhung, lan ngaku dadi utusan, lanang jagad ngaku jumeneng wall, ngaku ratu Sunan Purba. 5. Ya antinen sakedhap isun bali, arsa matur dhateng gustiningwang, Arya !.allinanan, wong Raja Galu ake mati. 19. Wus anenga Pangeran Arya Kuningan, wong Raja Galu ambedhili, sinosog Ian tumbak, sinarampang kali pedhang, tinamsiran datan busik, Pangeran Arya, tutusan bejana kulit. 20. Kalenglengan wadyabala ing Palimanan, geris katha kang mati, sinepak ing kuda, sawene sinaut ing jaran, tandange lir singa puti, kurdanira, lir garudha nyamber jahni. 21. Surak umyang gumera wong Palimanan, miwa bala

Limundhing, wong Raja Galu anumbak, tan oba binedhilan, katha w_adyabala mati, kasarawat ing pedhang, wangke susun atindhi. 22. Geti mill awor daging kurewedan, kaidek dening turanggi, wadhuke brodholan, tugel pakanira, lir penda babathang pacing, ting sulengkra, usqse pating saluwir. 23. Pan amburu Pangeran Arya Kuningan, angrumpak bala Cia90 mis, wadya katha kang peja, bubar wong P.aliman~n; Vvuiig :Raja Galu anggendpng, ngungsi Kauripan, wong Limundhing ngungsi gusti. 24. Sumbar-sumbar Pangeran Arya Kuningan, aja malayu sira anjing, endi wong Palimanan, age ngetonana, ing kene tandhing jurit, la age metuwa, ing ngarsa aperang tandhing. 40. ASMARANDANA 1. Sigegen Arya Kemuning, ingkang sampun masanggrahan, kinubeng dening balane, cinarita tatkala yuda, suka sakeng wadyabala, wonten mali kang winuwus, kocapa Ki Suradipa. 2. Matur nemba ning nerpati, wau pati Suradipa, katl,i) ing peja gesange, angandika Pandelegan, matura sira den wakca, kapriyen tingkaheng musu, nggenira brangta yuda. 3. Suradipa matur mali, nuhun Ratu Jayaningrat, wadya sampeyan jurite, unggul wau kang ayuda, tiyang Kuningan katha bubar, ingamuk ing bala Galu, wong Kuningan katha kang peja. · 4. Nunten wonten kang mbantoni, gustine Dalem Kuningan, bubar sakeng wadya Gempol, miwa bala Palimanan, tiyang Ciamis kasasar, aturan wong Raja Galu, wong Limundhing burakrakan. 5. Pan sarwi niti tutanggi, bendara asumbar-sumbar, kadi danawa tandange, tan wonten tiyang tinangtang, amung Adipati Kiban, metuwa wong Raja Galu, endi Dalem Palimanan. 6. Makaten ujare gusti, Dalem Dipati Kuningan, abeluk-beluk sumbare, kaget Dipati Kiban, jaja bang lir sinencang, semune ya rada bendu, riyak tiba ing camera. 7. Kang idu tiba ing kirik, kirike mati merkangkang, pan dadi area kirike, ami Ratu Jayaningrat, abdi dalem kesa, angandika Ratu Galu, den ngati-ati wong yuda. 8. Tan dangu malebeng purl, ginarebeg· para inya, wus ngedhaton ing pondhoke, medal Dipati Kiban, ginarebeg ing bala, umbulum bule wis mawur, kade gelaga sategal. 91 9. Surak sakeng baris Limundhing, gumuru 1ir penda ombak, wus mintar gegamane, Dipati Kiban ing ngarsa, tur bari nunggang gaja, binusanan mas murub, lir penda andaru

tiba. 10. Sum bar-sum bar ing ngajurit, metuwa Dalem Kuningan, ing kene tandhing palunggon, aja Iiyan metonana, yen sira tuhu prawira, rebuten ing sureng pupu, aja mungkur ing payudan, 41. PANGK UR 1. Niti gaja Dalem Kiban, amberangan rarabe sutra kuning, sinongsong Ian emas murub, ebege perak, apus buntut tinaretes mas murug, sumarapat lampahira, nyangking gada sri bopati. 2. Henengena kang babarisan, kang kocapa Pangeran Arya Kemuning, suka nggenira ndulu, musuhe bari gumeran, enggal dangdan sakapraboning prang pupu, wis maju ing pambarisan, surnarapat lir penda mimis. 3. Wus papag-pinapag sigra, wadyabala sami bedhil-binedhil, gumuru swaranipun, majuwa Arya Kuningan, ya ing kene yen ·sira prajurit satuhu, wadyabala babarisan, mung surak bari bedhil. 4. Bendhe tinabu ngangkang, tambur muni awor Ian bedhil, ting sumperat tumbak busur, umyang kang wad ya, kadi ombak segara nempu gunung, oyag kang bumi pratala, kadi udan awor angin. 5. Sumbar-sumbar wong Kuningan, ya rebuten isun prajurit luwi, senapati ing Carbon isun, Arya Kuningan ingwang, ndi rupane senapati Raja Galu, ing kene tunggal Ian ingwang, rebuten ing ngajurit. 6. Amburn Dipati Kiban, anerajang Pangeran Arya Kemuning, anuja gaja anubruk, kapulet kudanira, apan ndhupak anyepak anubruk nyaut, si Wisnu 1ir sikatan, tandange lir singa puti. 7. Brangenge tur gambira, njola-njola kudane Arya Kemuning, mungga tumurun ing gunung, akiteran ing sela wadhas, gaja lodra . . . 92 si Wisnu nubruk nyaut, me tugel tulalenira, gaja nggero ngulangngaling. 8. Ginitik gaja angudag, kuda maser kinreteg kundhalineki, anulya buru-binuru, udag-udagan Ian kuda, akiteran ngideran astana gunung, kang wadya pan tut wuntat, ngalor ngidul ambarisi. 9. Yen kirang sangunira, ngungsi desa saban dhusun den rayahi, wong Kuningan Raja Galu, pan sami totowan, tum~ang reyal jagonisun munggu kidul, kang sawene lor papak, sam1 tumpang eto ringgit. IO. Udag-udagan kang yuda, ngalor ngidul ngetan kan~ e~thi, amburu binuru sampun, ginitik gaja nuja, enggal anubruk s1 W1snu anyaut sampun, tugel tulalening gaja, sinepak gadhingireki. I I. Sinepak gadhing melesat, gaja ~ggero anjengkin~ . .saso~g ngukir, Dalem Kiban me katubruk, m1la ana gunung

GaJa, sakm~ _ ngriku asale Iagi karuhun, Dalem Kiban narik pedhang, ngungkuh Arya Kemuning. 12. Nulya ngodhok kudanira, anerajang Pangeran Arya ~emuning, amburu Dipati Galu, pan sarwi angikal gada, wus _pmuter gajahe Dipati Galu, sasambata wong atuwa, tumungkula mg pretiwi. 13. Ingangkat kang punang gaja, ginitikan tan oba Arya K~m~- ning, ping tiga suka gumuyu, entekena budinira, ayonana pr~Junt Kuningan iku, angandika Dipati Kiban, gentenana sun tadhah1. 14. ·1n~ulukaken kang gada, tinampanan denira Arya Kemuning, pinupu Dipati Galu, kang gada tugel dadi duwa, dyan ~i.J_1and~ak Dipati Kuningan sampun, binalangaken wus teba, kasuhrmg hbanireki. 15. Nerajang Dalem Kuningan, Dalem Kiban den tabok tur den tempiling anabok endhase gapruk, Dalem JGban kapuyengan, gabas-gebes 'goyang kepalanireku, enget ing purwa daksina, amburu nerajang wani. 16. Dhupak-dhinupak kang yuda, sakalihe tan , ,1a kasoran jurit, tabok-tinabok gapruk, sawene jengkang-jinengkang, gebyag93 ginebyag jinotos pilinganipun, rangsang-rinangsang kang yuda, anyandhak banting-binanting. 17. Kacek tandhing wong Kuningan, susu ageng gogodhege amedeni, prayoga lan dedegipun, musu cilik pisan, aja oncat yen sira tuhu wong luhung, ngandika Arya Kuningan, ing kene prang dfiuwuring ngukir. 18. Surung-sinurung sira, sakalihe tan ana kasoran jurit, mungga tumurun ing gunung, kekayon pating palesat, padha rungkad mala bundhas pucuke gunung gundhul, kinarya padalan yuda, gempal iringane ngukir. 19. Katimpal Arya 'Kuningan, Dalem Kiban nubruk • null den tempiling, kajengkang tiba katekuk, modar sira anjing malesa, yen sira prajurit tuhu, gumuyu alata-lata, thangthang-thingthing Arya Kemuning. 20. Gidro-gidro Dalem Kiban, anerajang Arya Kemuningnadhahi, anyandhak surung-sinurung, tunjang-tinunjang kang yuda, kang katrajang wana padhang kanggo surung, gunung dadi lelebak, lebak dadi kali. 21. Ujareng kitab sejara, Dalem Kiban Ian Arya Kemuning, tigang sasi yudanipun, kathahing kadadosan, pertangtune kitri kelawan dhusun, Bayalangu ketrajang, Tegaljungjang kepering. 22. Asurung undur-unduran, gegaluran mangulon paraneki, sakali surung tan ucul, aguling guleran, mila wonten lepen kapethakan iku, sampe dugi Ujungtuwa,

surung kagebur ningjeladri. 23. Sigegen kang aneng segara, kang kocapa kang lagi mancaniti, Kanjeng Gusti Ratu Galu, sineba para sangyang, Sangyang Igel Sangyang Sutem Sangyang Gempul, Dipati Anoman seba, enggal Suradipa prapti. 24. Ratu Galu angandika, kaya ngapa yudane Dalem Dipati, Suradipa enggal matur, nuhun duka bencfara, abdi sampeyan Dalem Kiban kala wau, yuda Ian Arya Kuningan, tan wonten kasoran kang jurit. 25. Surung-sinurung kang Yuda, gusti saking lalihe kang jurit, sakali prawireng pupu, dala ical yudanira tan kantenan, nggenira prang pupu, kaget prabu Pandelegan, bubarena sakeng baris. 94 26. Saleworan bala Kuningan, ginegeran katha bala ake mati, puyengan padha lumayu, satiljlre gustinira, datan darbe ugeran pating selawur, angungsi Carbon negara, dhateng Gusti Sunan Jati. 27. Laradan bala Kuningan, binendrong Ian gutuk api, ingudagudag malayu, wus malebeng kutha, wus aturan ing gusti sinuhyn, kebekan para oliya, anom-anom para wall. 42. SINOM I. Sineba sinewangkara, pepek sakeng para wall, miwa sakeng pangeran, Ki kuwu Sangkan Damohi, matur dhateng Sunan J ati, amit anak jeng sinuhun, pan rama tulung yuda, matur dhateng Sunan J ati, boten borong karsane jeng rama. ' 2. · Wus kesa Kyai Sangkan, Sunan Jati tan ngidini, nulya bingut Kyai Sangkan, kesasar Penawarjati, tan emut sakal iku, anglancangi jeng sinuhun, enget sakala ika, Ki Sangkan neng gunung Pena- . warjati, sarta tobat pitekur soring warsa. 3. Sigegen Kiyai Sangkan, kocapa bala Kemuning, wus prapta matur anemba, dhateng gusti Sunan Jati, sira ponggawa endi, matur Anggasura nuhun, abdi sampeyan Kuningan, binuru bala Limundhing, satilare abdi sampeyan Kuningan. 4. Matur mall bala Kuningan, Dipati Arya Kemuning, yuda kali Dalem Kiban, duk gusti kang den ungsi, abdi sampeyan ngilari, tan pinanggi layonipun, mila abdi asung uninga, tan borong kanjeng gusti, /pinanggiya botena tan borong tuw.an . . 5. Mesem Sunan J ati Purba, wondening Arya Kemuning, tan peja prang Ian Kiban, lagi prang ning jeladri, nanging saya adipati, sabab prang jro bangu, Sunan Kali ngandika, leres pangandika yayi, nanging yayi keda binantonan. 6. Wajib binantonan yuda, bala barise mariki, angendika Sunan Purba, dhateng wau pati Keling,

bubarena sakeng mantri, kon maju sureng pupu, bubar sakeng pangeran, karsane amaju jurit, angsal idin tunjang-tinunjang pangeran. 95 7. Tunjang-tinunjang pangeran, rebut dhingin tumuli, wong Carbon baris kumerab, sakathahe wadya alit, ing Tedheng kinarya baris, wus campu ing prang pupu, wadyabala Palimanan, Raja Galu miwa Limundhing, wong Ciamis bala rame aneng Pilang. 8. Ing Bayawinangun kebekan, ing Rajawinangun jurit, ing Tegaljungjang kepili, panggenane prang sabil, wong Carbon ing Tedheng baris, tumbak pedhang bandri tulup, majuwa wong Palimanan, surak bala ing Limundhing, · padha pasang wau ingkang yuda. 9. Gong beri umyang sauran, binarung lan tam bur muni, surak kadi ombaking segara, lir penda rubu kang langit, wong cilik bedhil-binedhil, tabok-tinabok gapruk, sawene jengkang-jinengkang, ana kang banting-binanting, Suradipa Dipasara kacandhak. 10. Suradipa Dipasara, sakali wus den taleni, Ki Pati Keling kang nyandhak, miwa Dipati Ciamis, sadaya sa~pun kapusthi, miwa bala Raja Galu, wong Limundhing Palimanan, miwa bala Ciamis, rebut tunjang ngungsi gusti Palimanan. 11. Pangeran Kajoran yuda, kali Ki Sangyang Wewasi, suduksinuduk kang yuda, tan ana kaso:ran jurit, Ki Sangyang pandhe Wewasi, cinandhak ilang marucut, Pangeran Kajoran nyandhak, Ki Bangyang Sutem nginggati, ceplas ilang manjing maring siluman. 12. Mila ana pandhe setan, sing kono asale dhingin, sangyang Sutem mrekayangan, nyiluman awor lan bells, Pangeran Kajoran angling, wong lumu agama sinuhun, saumurira gesang, mangsa awora lan jalmi, wus tan kocap majuwe Pangeran Jagabayan. 13. Sangyang Gempol mapag yuda, niti kuda sing wiyati, Jagabayan enggal mulat, sapa sira niti esthi, pati Gempol nyauri, isun senapati Galu, aja sira mapag yuda, endi oliya sejati, tandhing yuda endi wali Sunan Purba. 14. Jagabayan enggal numbak, pati Gempol anang wiyati, lir penda alap-alap, tandange kuda sambarani, tumbak bedhil tan miyatani, J agabayan kapalayu, singidan ing J agapura, angarawis dadi candhi, para putra pangeran samya mangkana. 15. Maju rampak para pangeran, Sangyang Gempol anang wiyati, 96 mudhuna Gempol satriya, ing · kene padha prajurit, Sangyang Gempol ngandika ris, nusula sira ing dhuwur,

tinumbak pinadha- , han, bandri tulup suligi, binedhilan kuda nyamber nyepak endhas. 16. Puyengan para pangeran, mundur nggonira jurit, pan sami padha ngaramat, singidan padha mancandhi, saparan-paran lumaris, ana ngaramat ing gegunung, angungsi wana pringga, ana ngaramat ingjeladri, kang sawene ngaramat ing padhukuhan. 17. Wong cilik padha kederan, binuru bala dhedhemit, silam siluman sedaya, sami tumut ing ngajurit, janggitan pating jarengil, lelembut pating garumut, kemangmang pating gurampang, belise pating puringis, ilo-ilo gandarwa kala thethekan. 18. Puyengan pating burakrak, kondur nggonira jurit, wong cilik tan kuwat yuda, tan wonten andeling ngajurit, mung kapundhut surakneki, kinarya tembunging musu, wong Cerbon buba{ sedaya, saw:iji tan kuwat jurit, kang kocapa ing pungkur Kiyai Sangkan. 43. PANGKUR 1. Ki Buyut eca linggiyan, apitekur ing gunung Penawarjati, kaduhung sajroning kalbu, wau ngelancangi kersa, nulya ngomong witeng kayu rangdhu iku, kaki tuwa lagi apa, pitekur anang ngriki. 2. Sampuni kaki tuwan,, den apapura dosane wong nglancangi, lawan ndika age mantuk, wong Carbon kaberartan, kawon yuda den··anrnk ing Sangyang Gempul, ki tuwa kaget miyarsi, ana kayu bisa angling. 3. Ki Sangkan ing payudan, amiyarsa suwara ning wiyati, angundang roaring sinuhun, metuwa wall sanga, ya rebuten isun prajurit Galu, Ki Sangkan enget ing mana, yen kagungan wasiyat cundrik. 4. Tetkala lagi ngelana, Kyai Sangkan ing gunung Gumbi pinanggi, kaliyan sanjata wau, pinaringan golok jimat, badhong badheg kopya waring umbul-umbul, wus pinasang ing payudan, Ki Sangkan majujurit. 5. Ingunus golok enggal, binalangaken golok ing siti, sumarapat 97 bisa mabur, Sangyang Geinpol kale mulat, pendirangan Sangyang Gempol nggennya ndulu~ gebyar-gebyar katingal, ana golok amarani. 6. Kinentreg kuda lumarap, ing awang-awang awor Ian mega puti, nyarempeng goloke munjuk, ketingal golok leligan, lagi ngucap golok teka kudu munjuk, mabur awor Ian mega abang, golok ngucap ngungsi ngendi. 7. Aja lumayu sira setan, ngungsi ngendi tan wan de isun ulati, ngungsiya sajroning gunung, me kapancas_gulunira, Sangyang Gempol ngucap tembene ndulu, ana golok bisa ngucap, tur bisa ngamba wiyati. 8.

Udag-udagan Ian pedhang, Sangyang Gempol anang 'gegana wiyati, dhidhik kuda kebacuk, sanget nggenya maburing kuda, Wll~ S111gidan ing mega kuning jinujug, sok mara golok nusula, ula tana j eneng mami. 9. Mega kuning wis pinedhang, sang sembrani kebat nggenira nginggati, me dhidhik kuda kebacuk, Sangyang Gempol kewedan, wus lumayu angungsi maring mega mendhung, kandel ireng turan samar, sangyang Gempol sampun buni. 10. Umpetan awor Ian mega, kandel ireng Sangyang Gempol enak ing ati, mangsa weruha maring isun, golok apa kaya sira, besuk isun gawe golok kaya iku, sun tapani tigang jam, ora kuwat sadina sawengi. 98